

ANALISIS MORFOSEMATIK NAMA MAHASISWA ANGKATAN 2009
PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening
Juang Jatmiko
NIM 09205241030

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
JULI 2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Analisis Morfosemantik Nama Mahasiswa Angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta* menika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah saking *pembimbing*.



Yogyakarta, Juli 2013
Pembimbing I,

Siti Mulyani, M.Hum.
NIP. 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, Juli 2013.
Pembimbing II,

Mulyana, M.Hum.
NIP. 19661003 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Analisis Morfosemantik Nama Mahasiswa Angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 18 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		25 Juli 2013
Drs. Mulyana, M. Hum	Sekretaris Penguji		23 Juli 2013
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji I		23 Juli 2013
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		23 Juli 2013

Yogyakarta, 25 Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,


Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Juang Jatmiko

NIM : 09205241007

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadhi.

.

Yogyakarta, 15 Juli 2013

Panyerat,



Juang Jatmiko

SESANTI

Sebuah nama akan lebih menarik diperbincangkan bila mengetahui makna yang terkandung didalamnya

Sesungguhnya kalian semua akan dipanggil pada hari kiamat dengan nama-nama kalian & bapak-bapak kalian saat ini, maka perbaguslah nama-nama kalian. [[HR. Abu](#) Dawud].

PISUNGSUNG

Skripsi menika kula aturaken dhumateng tiyang sepuh ingkang tansah kinurmatan
saha tansah paring donga pangestu

PRAWACANA

Puji lan syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika kanthi lancar saha boten wonten perkawis ingkang dados reribeting lampah. Panyeratan skripsi menika saged kawujud amargi wonten panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhumateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi,
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi tumrap panyerat,
3. Ibu Siti Mulyani, M. Hum. minangka *pembimbing I*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar,
4. Bapak Mulyana, M.Hum. minangka *pembimbing II*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar,
5. Bapak Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan nalika ngangsu kawruh wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
6. Bapak saha Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah matur nuwun awit saking ngelmu, piwulang, saha wejangan nalika panyerat ngangsu kawruh ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
7. Staff admin Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggih menika Ibu Ika ingkang sampun mbiyantu panyerat salaminipun ngangsu kawruh,
8. Bapak Kismadi saha Ibu Nanik Pujiyatmi minangka tiyang sepuh panyerat, matur nuwun awit saking donga pangestu, saha wejangan-wejanganipun, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika,
9. Sedaya kulawarga inggih menika Simbah Ma'un, mbak Aas, Mas Damar, Mas Jajak, dhik Ponco, saha dhik Mamad, matur nuwun awit saking donga pangestunipun,

10. Kanca-kanca angkatan 2009 Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sengkuyungipun saengga skripsi menika saged kawujud kanthi lancar,
11. Kelompok Mahasiswa Suenti ingkang tansah guyub rukun, grapyak, saha tulung tinulung
12. Sedaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung.

Panyerat gadhah kekajengan mug-mugi skripsi menika saged migunani tumrap pamaos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mug-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, 15 Juli 2013

Panyerat,



Juang Jatmiko

WOSING SERATAN

Kaca

IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA	vii
WOSING SERATAN.....	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR LAMPIRAN	xiii
DAFTAR CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	6

BAB II GEGARAN TEORI	7
A. <i>Etimologi</i>	7
B. <i>Morfologi</i>	10
1. <i>Morfem</i>	11
2. <i>Tembung</i>	12
3. <i>Pandhapuking Tembung</i>	12
C. <i>Semantik</i>	17
D. <i>Dhasaring Paring Nama</i>	18
E. <i>Panaliten Ingkang Jumbuh</i>	23
F. <i>Nalaring Pikir</i>	25
BAB III CARANING PANALITEN	26
A. <i>Jinising Panaliten</i>	26
B. <i>Data saha Sumbering Data</i>	26
C. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i>	26
D. <i>Pirantining Panaliten</i>	28
E. <i>Caranipun Nganalisis Data</i>	28
F. <i>Validitas saha Reliabilitas Data</i>	30
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	32
A. <i>Asiling Panaliten</i>	32
B. <i>Pirembagan</i>	45
1. <i>Tembung Monomorfemis</i>	45
a. <i>Setunggal Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	46
b. <i>Kalih Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	52
c. <i>Tigang Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	63
2. <i>Tembung Polimorfemis</i>	68
a. <i>Setunggal Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	68
b. <i>Kalih Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	76
c. <i>Tigang Unsur Dhasaring Paring Nama</i>	79

3. Tembung <i>Monomorfemis</i> saha <i>Polimorfemis</i>	81
a. Setunggal <i>Unsur</i> Dhasaring Paring Nama	81
b. Kalih <i>Unsur</i> Dhasaring Paring Nama	89
c. Tigang <i>Unsur</i> Dhasaring Paring Nama	111
d. Sekawan <i>Unsur</i> Dhasaring Paring Nama.....	128
BAB V PANUTUP	130
A. Dudutan.....	130
B. Implikasi.....	131
C. Pamrayogi.....	132
KAPUSTAKAN.....	133
LAMPIRAN.....	135

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Wujuding Tembung, Dhasaring Paring Nama, saha Tegesing Nama <i>Mahasiswa Angkatan 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa UNY</i>	32

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1 : <i>Lembar Kuesioner</i>	135
Lampiran 2 : <i>Tabel analisis nama mahasiswa angkatan 2009</i>	136
<i>Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa UNY</i>	

DAFTAR CEKAKAN

Ar	=	Arab
Ag	=	<i>Unsur</i> Agami
Al	=	<i>Unsur</i> Alam
E	=	<i>Unsur</i> Entiti/ Pangajab
F	=	<i>Unsur</i> Flora/ Fauna
G	=	<i>Unsur</i> Ghaib
Grm	=	Jerman
Ind	=	Indonesia
Ing	=	Inggris
Jpn	=	Jepang
Jw	=	Jawi
kw	=	Kawi
N	=	<i>Unsur</i> Nomer
P	=	<i>Unsur</i> Pepenget
Prc	=	Perancis
S	=	Sansekerta
Spy	=	Spanyol
W	=	Walandi / Belanda
Wy	=	<i>Unsur</i> Wayang

**ANALISIS MORFOSEMANTIK NAMA MAHASISWA ANGKATAN 2009
PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**Dening Juang Jatmiko
NIM 09205241030**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken *morfosemantik* nama tiyang. Panaliten menika ngrembag wujuding tembung, dhasaring paring nama, saha tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*.

Panaliten menika ngginakaken jinising panaliten *kualitatif* ingkang sipatipun *deskriptif*. Sumbering *data* pikantuk saking *dokumen* saha *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Ing panaliten menika *data* awujud tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Caranipun ngempalaken *data* mawi *dokumen*, *kuesioner*, saha wawancara. Caranipun analisis *data* ngginakaken *analisis deskriptif*.

Asiling panaliten gayut kaliyan wujuding tembung minangka nama *mahasiswa* kaperang dados tiga inggih menika (1) tembung *monomorfemis*, (2) tembung *polimorfemis*, saha (3) tembung *monomorfemis* saha *polimorfemis*. *Unsur* dhasaring paring nama menika wonten wolu *unsur* inggih menika *unsur* agami, alam, *flora/ fauna*, wayang, ghaib, *entiti/ pangajab*, nomer, saha pepenget. Dhasaring paring nama wonten ingkang kadadosan saking setunggal *unsur* utawi langkung setunggal *unsur*. Mahasiswa minangka ingkang gadhah nama wonten ingkang mangertos saha boten mangertos tegesing nama piyambakipun. Mahasiswa ingkang boten mangertos, adhedhasar tiyang sepuhipun dipunsebabaken dening sekawan perkawis inggih menika dipunraos endah, mendhet nama tiyang sanes, nama ingkang dipunparingi tiyang sanes, utawi supados beda kaliyan tiyang sanes.

Pamijining tembung: *analisis morfosemantik*, nama mahasiswa, ujian skripsi mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Nama inggih menika tembung ingkang dipunginakaken kangge nyebat tiyang, papan utawi sawijining piranti kalebet *ide* utawi pamikiran. Nama tiyang minangka tembung utawi reroncening tembung ingkang wigati wonten ing panggesangan. Nama ugi salah satunggaling asil kabudayan wonten ing bebrayan ageng. Sampun dados tradisi menawi wonten bayi ingkang lair kedah dipunparingi nama dening tiyang sepuhipun. Nama tiyang dipunginakaken kangge mbedakaken antawis tiyang setunggal kalihan tiyang sanes.

Nama lare minangka salah satunggaling cara tiyang sepuh paring pamikiran kagem putranipun. Tiyang sepuh kagungan pangajab supados putranipun bagya, lajeng dipunparingi nama ingkang ngemot teges kabagyan, tuladhanipun “Bagiyo”. Manawi milih tembung kangge putranipun, tiyang sepuh kedah mangertos tegesipun tembung. Tembung-tembung minangka nama boten namung endah nanging kedah ngemu teges ingkang sae, amargi nama ugi gadhah gayutanipun kaliyan piwulangan. Salebeting nama wonten raos moral kagem ingkang gadhah nama. Nama ingkang dipunpendhet saking tembung-tembung ingkang ngemu teges sae saged ndayani dhumateng tindak tanduk saha watak ingkang gadhah nama. Ing kasunyatan tiyang sepuh wonten ugi ingkang boten mangertos bab tegesing tembung wonten ing nama putranipun namung raos endah menawi dipunmirengaken.

Miturut pangrembakaning jaman saha pangrembakaning budaya, nama ugi ngalami pangrembakan. Pangrembakaning nama menika saged dipuntingali

saking wujud, teges, saha dhasaring paring nama. Wujud, tegesing, saha dhasaring paring nama menika wigati dipunteliti saha dipun*inventarisasi*. Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung kaperang dados kalih inggih menika tembung *monomorfemis* saha tembung *polimorfemis*. Salah satunggaling nama *mahasiswa angkatan 2009* inggih menika ‘Adhi Susworo’ kadadosan saking kalih tembung. Tembung adhi minangka tembung *monomorfemis* ingkang tegesipun sedulur enom. Tembung susworo minangka tembung *polimorfemis* saking *morfem bebas* “su + swara”. *Morfem bebas* su tegesipun sae utawi linuwih. *Morfem bebas* sworo tegesipun unen-unen. Dados nama Adhi Susworo tegesipun sedulur enom ingkang swaranipun sae.

Nama tiyang Jawi ing jaman sakmenika boten namung ngginakaken tembung basa Jawi kemawon. Nama menika wonten ingkang ngginakaken basa Indonesia, utawi basa Manca. Nama *mahasiswa* ingkang ngginakaken basa Manca saha basa Jawi inggih menika nama Melisa Yulianggara. Tembung melisa minangka saking basa Manca inggih menika basa Spanyol, lajeng tembung yulianggara minangka basa Jawi. Saking bab menika, mawi nama tiyang saged dipuntingali pangaribawa basa menapa kemawon wonten ing pamilihan tembung nalika paring nama.

Boten namung basa ing nama, paring nama kagem lare sampun maneka warni cara. Saben tiyang gadhah cara piyambak kangge paring nama dhateng putranipun. Caranipun saged miturut lairipun bayi (weton, sasi, taun utawi nomer anak), miturut kahanan nalika bayi lair utawi nama trah. Ing nama Eka Siwi Prihatin ngemu kalih dhasaring paring nama inggih menika urutan lair saha

kawontenan. Tembung eka minangka tandha putra ingkang urutan lair kapisan utawi putra nomer setunggal. Tembung prihatin minangka pepenget kawontenanipun nalika lair saweg prihatin inggih menika bapakipun saweg gerah.

Saking peranan perkawis ingkang sampun dipunandharaken wonten ing inggil, nama tiyang dados bab ingkang narik kawigatosan menawi dipunteliti. Semanten ugi nama wonten ing *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta (UNY)* namanipun maneka warni wujud, teges saha dhasaring paring nama. Mila panaliten menika ngginakaken *analisis morfosemantik* kangge mangertosi wujud tembung saha tegesing tembung ingkang dipungayutaken kaliyan dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta (UNY)*.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten, saged dipundudut perkawis wonten ing nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Perkawisipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Wujuding tembung ing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
2. Dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
3. Tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*

4. Gayuting nama kalihan watak ingkang gadhah nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*

C. Watesaning Perkawis

Watesaning perkawis ingkang badhe dipunrembag supados saged *fokus* inggih menika :

1. wujuding tembung ing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
2. dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
3. tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis, perkawis ingkang badhe dipunteliti inggih menika :

1. kadospundi wujuding tembung ing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta?*
2. kadospundi dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta?*
3. kadospundi tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta?*

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis saged dipunaturaken ancasing panaliten inggih menika :

1. ngandharaken wujuding tembung nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
2. ngandharaken dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
3. ngandaraken tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*

F. Paedahing Panaliten

Adhedhasar panaliten menika pangajabipun supados saged caos paedah inggih menika paedah *teoritis* saha paedah *praktis*.

1. Paedah *Teoritis*
 - a. Saged nambahi kawruh bab wujuding tembung saha tegesing tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa* miturut *bidang linguistik mliginipun morfologi saha semantik*
 - b. Saged nambahi kawruh bab dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*
2. Paedah *Praktis*
 - a. Saged nambah kawruh tembung bab nama tiyang Jawi wonten ing *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*

G. Pangertosan

Panaliten menika wonten tembung enggal ingkang perlu dipunparingi watesan, saengga cetha perkawisipun saha gadhah *persepsi* ingkang sami. Tembungipun inggih menika *analisis morfosemantik* saha nama *mahasiswa angkatan 2009*.

1. *Analisis morfosemantik* inggih menika minangka panaliten basa kanthi ngginakaken *teori morfologi* saha *teori semantik*. Kangge madosi wujud ing tembung saha tegesipun tembung.
2. Nama *mahasiswa angkatan 2009* inggih menika nama tiyang ingkang sinau wonten ing *universitas* ingkang mlebet dados *mahasiswa* taun 2009.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Etimologi

Etimologi inggih menika perangan ngelmu *lingustik* ingkang ngrembag bab mula bukaning tembung (Chaer, 2008: 7). Tembung *Etimologi* dipunpendhet saking basa Walandi “*etymologie*”. Tembung menika mula bukanipun saking basa Yunani inggih *etymos* “tegesing tembung” saha *logos* “ngelmu”. Ing *kamus lingusitik* (Kridalaksana, 1993:52) *etimologi* (*etymology*) inggih menika panaliten bab mula bukaning tembung sarta ewah-ewahaning wujud saha teges. Dados *Etimologi* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab mula bukaning tembung.

Ewah-ewahaning wujuding tembung wonten ing basa adatipun kawastanan *gejala bahasa* (Muslich, 2010: 101-109). Jinising *gejala bahasa* miturut Muslich kaperang dados gangsal welas ingkang dipunandharaken kados mekaten.

1. *Analogi* inggih menika wujud basa kanthi niru tuladha ingkang sampun wonten, tuladhanipun dewa → dewi (fonem /a/ → /i/ minangka tandha estri), *sosialis* > *sosialisme* (wujud dasar pikantuk panambang {-me} saengga tegesipun dados beda)
2. *Adaptasi* inggih menika ewahaning swara(*bunyi*) saha tataraning basa manca/*asing* dados swara saha tataraning basa ingkang jumbuh kaliyan panampinipun indra talingan utawi pocapan lidhah bangsa ingkang ngagem basa menika. *Adaptasi* kaperang dados 2 inggih menika *adaptasi fonologis* saha *adaptasi morfologis*.

a. *Adaptasi fonologis*

Adaptasi ewahaning swara basa *asing/manca* dados swara ingkang jumbuh kaliyan pocapan lidhah, tuladhanipun “*fardhuli*” (basa Arab) dados “peduli”(basa Indonesia), “kraton” (basa Jawi) dados “*keraton*” (Indonesia).

b. *Adaptasi morfologis*

Adaptasi tataraning tembung ingkang pangaribawa dhumateng ewah-ewahaning swara, tuladhanipun tembung “prahara” (Sansekerta) dados “perkara”(Indonesia), “parameswari” dados “permaisuri”.

3. *Kontaminasi* inggih menika tembung ingkang *rancu* utawi ndadosaken setunggal kalih *unsur* basa (ater-ater, tembung, *frase* utawi ukara), tuladhanipun wonten basa Indonesia *dinasionalisirkan*, *dipublisirkan*. *Kerancuan* panambang (-ir-) saking basa Walandi kaliyan panambang (-kan) saking basa Indonesia ing setunggal tembung ingkang gunanipun ndhapuk tembung kriya.
4. *Hiperkorek* inggih menika pandhapuking tembung ingkang sampun leres dados lepat. Tembung ingkang *baku* dipunlereskaken dados boten *baku*, tuladhanipun tembung “*ṣaraf*” → “*syaraf*” (*fonem* /s/ → /sy/), “*p̣aham*” → “*faham*” (*fonem* /p/ → /f/).
5. *Varian* inggih menika aksara swara /a/ wonten *sufiks*-kan dados aksara swara /e/. tuladhanipun “*diambilkan*” → “*diambilken*”.
6. *Asimilasi* inggih menika kalih *fonem* ingkang beda dados sami, tuladhanipun tembung “*aḷsalam*” → “*assalam*” → “*ạsalam*”(fonem /ls/ > /ss/ > /s/), “*iṇmoral*” → “*immoral*” (*fonem* /nm/ → /mm/)

7. *Disimilasi* inggih menika kalih *fonem* ingkang sami dados boten sami, tuladhanipun “sajjana” → “sarjana” (*fonem* /jj/ → /rj/), “lauk-lauk” → “lauk-pauk” (*fonem* /l/ > /p/).
8. *Adisi* inggih menika ewah-ewahaning tembung ingkang dipuntandhani pikatuk tambahan *fonem*. *Adisi* kaperang dados 3 inggih menika :
 - a. *protesis* inggih menika tembung ingkang pikantuk tambahan *fonem* ing wiwitaning tembung, tuladhanipun tembung “lang” → “elang”, “smara” → “asmara”.
 - b. *epentesis* inggih menika tembung ingkang pikantuk tambahan *fonem* ing tengah-tengah tembung, tuladhanipun “upama” → “umpama”, “kapak” → “kampak”.
 - c. *paragog* inggih menika tembung ingkang pikantuk tambahan *fonem* ing pungkasaning tembung, tuladhanipun tembung “lamp” → “lampu”, “ina” → “inang”
9. *Reduksi* inggih menika ngirangi *fonem* ing tembung. *Reduksi* kaperang dados tiga inggih menika :
 - a. *afresia* inggih menika tembung ingkang kelangan *fonem* ing purwakaning tembung, tuladhanipun tembung “tetapi” → “tapi”, “ananging” → “nanging”
 - b. *sinkop* inggih menika tembung ingkang kelangan *fonem* ing tengah-tengah tembung, tuladhanipun tembung “utpatti” → “upeti”, “niyata” → “nyata”.
 - c. *apokop* inggih menika tembung ingkang kelangan *fonem* ing pungkasan tembung, tuladhanipun tembung “pelangit” → “pelangi”, “import” → “impor”.

10. *Metatesis* inggih menika lukir papan *fonem* wonten ing setunggal tembung, tuladhanipun wonten basa Indonesia tembung “*apus*” → “*usap*” (*fonem* /us/ lukir kaliyan *fonem* /ap/), ” *lebat*” → “*tebal*” (*fonem* /l/ lukir papan kaliyan *fonem* /t/)
11. *Diftongisasi* inggih menika *monoftong* ingkang ewah dados *diftong*, tuladhanipun ing basa Indonesia tembung “*teladan*” → “*tauladan*” (*fonem* /e/ → *fonem* /au/), “*anggota*” → “*anggota*” (*fonem* /o/ → *fonem* /au/)
12. *Monoftongisasi* inggih menika *diftong* ingkang ewah dados *monoftong*, tuladhanipun tembung “*pantai*” → “*pante*” (*fonem* /ai/ → *fonem* /e/), “*pulau*” → “*pulo*” (*fonem* /au/ → *fonem* /o/)
13. *Anaptiksis* inggih menika tembung ingkang pikantuk aksara swara kangge nggampangaken wicaranipun, tuladhanipun tembung “*sruput*” → “*seruput*”, “*putri*” → “*puteri*” (pikantuk aksara swara /e/)
14. *Haplologi* inggih menika ngilangi wanda ing tengah-tengah tembung, tuladhanipun tembung “*budhida^uya*” → “*budaya*”, “*maha^urdhika*” → “*merdeka*”
15. *Kontraksi* inggih menika manunggaling kalih tembung dados setunggal tembung kanthi ngilangi utawi nggantos setunggal utawi langkung setunggal *fonem*, tuladhanipun wonten basa Indonesia tembung “*tidak ada*” → “*tiada*” (ngilangi *fonem* /dak/), ”*bahagia^uanda*” → “*baginda*” (ngilangi *fonem* /ha/ saha /aa/)

Morfologi saha *etimologi* ngrembag perkawis ingkang sami inggih menika ngrembag bab ewah-ewahaning wujud tembung. Bedanipun wonten ing cara

pandhapuking tembung. *Etimologi* inggih menika ngelmu ingkang madosi mula bukaning tembung kanthi *khusus*. Menawi *Morfologi* inggih menika ngrembag ewah-ewahaning tembung kanthi *umum* (Nurhayati,2001:3). *Etimologi* wonten ing panaliten menika kangge madosi *gejala bahasa* wonten ing *nama mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*.

B. Morfologi

Tembung morfologi mila bukanipun saking basa Inggris inggih menika *morphology*. Kala rumiyin ngelmu menika kawastanan *morphemis* ingkang mula bukanipun saking basa *Yunani* inggih menika tembung *morf* ‘wujud’ saha tembung *logos* ‘ngelmu’ (Pateda, 1978: 71). *Morfologi* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag mula bukanipun wujuding tembung, saha pangaribawa ewah-ewahaning wujuding tembung kanthi *fungsi gramatikal* (*golongan* tembung) sarta *fungsi semantik* (tegesing tembung) (Ramlan, 1987: 21). Mekaten ugi pamrayogi Muyana (2006: 6) ingkang ngadharaken *morfologi* inggih menika *cabang kajian linguistik* (ngelmu basa) ingkang ngrembag bab wujuding tembung, ewah-ewahaning tembung saha pangaribawa saking ewah-ewahaning menika dhumateng tegesing tembung saha *kelas* tembung.

Inti kajian morfologi ngrembag bab tembung saha paugeran pandhapuking tembung sarta ewah-ewahaning tembung. Mila wonten ing *kajian* basa Jawi *morfologi* kawastanan tata tembung (Mulyana, 2006: 6). *Satuan gramatikal* ing *morfologi* inggih menika ngrembag bab *morfem* saha tembung. Pangertosan morfem saha tembung dipunandharaken ing ngandap menika.

1. Morfem

Morfem inggih menika *satuan gramatikal* ingkang alit piyambak saengga boten gadhah *satuan* ingkang sanes minangka *unsuripun* (Ramlan, 1987: 32). *Morfem (morpheme)* minangka *satuan gramatikal* ingkang wigatos piyambak minangka dhasaring pandhapuking tembung. Jinising *morfem* kaperang dados kalih inggih menika *morfem bebas* saha *morfem terikat*.

a. Morfem Bebas (Free Morphem)

Morfem bebas inggih menika *morfem* ingkang boten kaiket dening *satuan* sanes (Wedhawati, 2006: 39). *Morfem* menika saged madeg piyambak saha gadhah teges ingkang wentah. *Morfem bebas* saged ugi kawastanan tembung lingga.

b. Morfem Terikat (Bound Morphem)

Morfem terikat inggih menika *satuan* ingkang boten saged madeg piyambak saengga kedah raket kaliyan *morfem bebas* utawi tembung lingga (Wedhawati, 2006: 39). Tuladhanipun morfem {sa-}. Morfem menika boten gadhah teges ingkang cetha. Menawi *morfem* menika pikantuk tembung lingga/ *morfem bebas* {putri} ingkang gadhah teges ‘wanita’, saengga *morfem* {sa-} + {putri} ngemu teges ‘setunggal wanita’.

2. Tembung

Tembung inggih menika *satuan bebas* ingkang alit piyambak utawi saben *satuan bebas* minangka tembung (Ramlan, 1987: 33). Ing *satuan gramatikal morfologi*, tembung minangka *satuan* ingkang inggil piyambak. Tembung minangka *satuan gramatikal* ingkang kadadosan saking setunggal *morfem bebas*

utawi langkung setunggal *morfem*. Keraf (1991: 5) ngandharaken menawi dipuntingali saking *kompleksitas morfem* utawi cacahing *morfem*, tembung kaperang dados kalih inggih menika tembung *monomorfemis* saha tembung *polimorfemis*.

a. Tembung *Monomorfemis*

Tembung *monomorfemis* (*monomorphemics*) saking tembung basa Yunani *monos* ‘piyambak’ saha tembung *morfemis* ingkang tegesipun sami kaliyan tembung *morfologi* (Verhaar, 1981: 52). Adatipun tembung *monomorfemis* minangka *morfem bebas*. Dados tembung *monomorfemis* inggih menika tembung ingkang kadadosan saking setunggal *morfem bebas* utawi tembung lingga. Tuladhanipun inggih menika nama mahasiswa “*Titis Bayu Nata*”. Nama menika kadadosan saking tigang tembung *monomorfemis* ingkang wujudipun *morfem bebas* {titis}, {bayu}, saha {nata}. Titis tegesipun ‘panjalma’, bayu ‘angin’, saha nata ‘ratu’.

b. Tembung *Polimorfemis*

Tembung *polimorfemis* (*polymorphemics word*) saking tembung basa Yunani *polys* ‘kathah’ saha tembung *morfemis* ingkang tegesipun sami kaliyan tembung *morfologi* (Verhaar, 1981: 54). Dados tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ingkang kadadosan saking langkung setunggal *morfem*, tuladhanipun tembung “*prasetyatama*”. Tembung menika kadadosan saking setunggal tembung ingkang ngemu kalih *morfem* inggih menika morfem bebas {prasetya} + {tama}. Morfem bebas prasetya tegesipun saguh bakal setya tuhu saha tama tegesipun sae utawi linuwih. Dados tembung *prasetyatama* tegesipun

saguh bakal setya saha becik. Tembung *polimorfemis* minangka asil pandhapuking tembung utawi *proses morfologis* awujud tataraning *morfem*. Pandhapuking tembung awujud tataran morfem kados ta afiksasi, reduplikasi/tembung rangkep, saha komposisi/tembung camboran.

3. Pandhapuking Tembung

Pandhapuking tembung inggih menika ewah-ewahaning wujuding tembung saking wujud dhasar/tembung lingga dados wujud sanes utawi wujud *turunan* (Ramlan, 1987: 51). Cara pandhapuking tembung kaperang dados wolu inggih menika (a) *afiksasi*, (b) *modifikasi vokal* (c) *diftongisasi* (d) *pengulangan/rangkep* (e) *pemajemukan/camboran wutuh* (f) *proses kombinasi* (g) *pemaduan/camboran tugel* (h) *pemenggalan* (i) *pengakroniman* (Wedhawati, 2006: 40).

a. *Afiksasi* inggih menika pandhapuking tembung kanthi cara nambahi *afiks* wonten ing tembung lingga. *Afiksasi* kaperang dados sekawan jinis inggih menika:

- 1) *prefiksasi*/ater-ater inggih menika *afiks* ing wiwitaning tembung, tuladhanipun *afiks* {di-} ing tembung dituku, dithuthuk.
- 2) *infiksasi* /seselan inggih menika *afiks* ing madyaning tembung, tuladhanipun *afiks* {-in-} ing tembung tinulis, pinuji
- 3) *sufiksasi* /panambang inggih menika *afiks* ing pungkasaning tembung, tuladhanipun *afiks* {-na} ing tembung gambarna, tulisna.
- 4) *konfiksasi* inggih menika tembung ingkang pikantuk langkung setunggal *afiks*, tuladhanipun *afiks* {-in-/-an} ing tembung binerkahan, *afiks* {ka-/-an} ing tembung kasarasan.

- b. *Modifikasi* inggih menika ewah-ewahaning aksara swara ing pungkasan tembung lingga dados aksara swara ingkang tegesipunipun langkung inggil, tuladhanipun [putlh] → [putih] tegesipun pethak sanget.
- c. *Diftongisasi* inggih menika ewah-ewahaning aksara swara dados *diftong*, tuladhanipun abang → uabang.
- d. *Pengulangan*/ tembung rangkep inggih menika pandhapuking tembung kanthi cara dipunambali sadaya utawi sakperangan tembung lingga. Jinisipun tembung rangkep wonten pitu ingih menika :
 - 1) dwilingga wutuh inggih menika ngambali tembung lingga nanging boten ngewahi aksara swaranipun, tuladhanipun bocah-bocah,
 - 2) dwilingga salin swara inggih menika ngambali kanthi ngewahi aksara swaranipun, tuladhanipun ngombe → ngomba-ngombe.
 - 3) lingga semu inggih menika ngambali tembung ingkang boten cetha tembung lingganipun, tuladhanipun unyeng-unyeng.
 - 4) dwipurwa inggih menika ngambali aksara konsonan ing wiwitan tembung lingga kanthi nambahi aksara swara pepet /e/, tuladhanipun luhur → leluhur.
 - 5) dwiwasana inggih menika ngambali wanda pungkasan ing tembung lingga kanthi *pelesapan konsonan* ing pungkasan, tuladhanipun celuk → celuluk.
 - 6) *pengulangan* inggih menika perangan tembung lingga *primer* utawi *sekuder*, tuladhanipun kebacut → kebacut-bacut, njalukake → njaluk-njalukake.
 - 7) *pengulangan parsial* inggih menika ngambali tembung saha ngewahi aksara swara, tuladhanipun njupukake → njupak-njupukake.

- e. *Pemajemukan* utawi kompositum utawi tembung camboran wutuh inggih menika pandhapuking saking langkung setunggal wujud dhasar dados setunggal tembung, wujud dhasar saged awujud morfem asal, morfem pangkal utawi morfem unik. Tuladhanipun “tangga teparo” saking morfem asal tangga kaliyan morfem pangkal teparo, “padhang jingglang” saking *morfem asal* padhang kaliyan *morfem pangkal* jingglang
- f. *Kombinasi* inggih menika manunggaling kalih jinis cara *morfemis* kanthi sareng-sareng ing setunggal tembung, tuladhanipun “pengpengan” saking tembung “peng” ingkang ngalami *afiksasi* jinis *sufiksasi*{-an} saha *pengulangan* (dwilingga salin swara).
- g. *Pemaduan* utawi camboran tugel inggih menika proses pandhapuking tembung enggal kanthi cara ndadosaken setunggal kalih perangan tembung ingkang damel teges enggal, tuladhanipun thukmis saking tembung bathuk saha klimis.
- h. *Pemenggalan* inggih menika pandhapukaning tembung kanthi ngilangi satunggal utawi langkung setunggal wanda supados wujuding tembung dados langkung cekak, tuladhanipun tembung bu saking tembung ibu.
- i. *Pengakroniman* inggih menika pandhapuking tembung kanthi cara ngronce aksara, wanda utawi perangan tembung, nanging tegesipun taksih sami kados reroncening tembung ingkang jangkep, tuladhanipun “Pangestu” (Paguyuban Ngesthi Tunggal), Posyandu (*Pos Pelayanan Terpadu*).

Saking perangan jinis pandhapuking tembung menika ingkang dipunginakaken minangka pandhapuking tembung *polimorfemis* inggih menika *afiksasi*, *pemajemukan*, *kombinasi*, saha *pengakroniman*.

C. Semantik

Semantik dipunpendhet saking basa Yunani *semainem* ‘teges’. Tegesing tembung menika sami kaliyan tembung “*semantique*” wonten ing basa Perancis. *Semantik* inggih menika *subdisiplin* ngelmu *linguistik* ingkang ngembag bab teges (Pateda, 2001: 7). Mekaten ugi miturut pamrayogi Verhaar (1981: 9) *semantik* inggih menika perangan *linguistik* ingkang mangertosi tegesing basa wonten ing bebrayan. Dados *semantik* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab teges ing basa.

Abdul Chaer (1995: 6) ngandharaken *semantik* dipunperang dados sekawan jinis inggih menika :

1. *semantik leksikal* inggih menika *semantik* ingkang *objek* panalitenipun inggih menika *leksikon* (tembung) ing sawijining basa,
2. *semantik gramatikal* inggih menika *semantik* ingkang *objek* panalitenipun *makna gramatikal* saking tataran *morfologi*,
3. *semantik sintaktikal* inggih menika *semantik* ingkang ancas panalitenipun wonten gayutanipun kaliyan sintaksis (*frase, klausa* saha ukara),
4. *semantik maksud* inggih menika gayut kaliyan wujud *gaya bahasa* kados ta *metafora, ironi litotes* saha sakpanunggalipun.

Analisis wonten ing panaliten menika ngginakaken jinis *semantik leksikal* saha *semantik gramatikal*. *Semantik leksikal* inggih menika *semantik* ingkang *fokus* ngrembag tegesing tembung (Pateda, 2001: 74). Pangertosan *Semantik leksikal* gayut kaliyan *makna leksikal*. Suwandi (2008: 68) ngandarkaen *makna leksikal* (*lexical meaning, semantik meaning, external meaning*) inggih menika

teges ingkang madeg piyambak, wujudipun tembung lingga saha tegesipun kirang langkung sami kados ta wonten ing kamus. Ing kamus *lingustik* (Kridalaksana, 1993: 133) ngandaraken *makna leksikal* inggih menika tegesing tembung minangka tandha aran, kahanan, kawontenan/*peristiwa*, saha sanesipun ingkang boten dipuntingali saking *konteksipun*.

Semantik gramatikal inggih menika *semantik* ingkang dipunrembag bab *makna gramatikal* ing tataran *morfologi* saha *sintaksis* (Mulyana, 2008: 5). *Morfologi* ngrembag tataraning tembung saha cara pandhapuking tembung. *Sintaksis* ngrembag gayutipun tembung kaliyan tembung sanes ing *frase*, *klausa* utawi *ukara*. *Makna gramatikal* wonten ing panaliten menika minangka asiling tembung ingkang ngalami cara *gramatikal* kados ta *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *komposisi*.

Analisis semantik ingkang dipuntrepaken wonten ing tembung-tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009 Pendidikan Bahasa Jawa* inggih menika *semantik leksikal* saha *semantik gramatikal*. Tembung *monomorfemis* dipunpadosi tegesipun mawi *makna leksikal*, lajeng tembung *polimorfemis* minangka asiling *proses morfologis* dipunpadosi tegesipun mawi *makna gramatikal*.

D. Dhasaring Paring Nama

Nama inggih menika nama ingkang dipunginakaken nyebat tiyang, papan utawi sawijining piranti kalebet ugi pamikiran. Nama tiyang minangka tandha pitepangan, ugi dados piranti supados beda kaliyan tiyang sanes. Nama tiyang

kadhapak saking tembung-tembung ingkang jumbuh kaliyan dhasaring paring nama. Saben nama gadhah dhasaring paring nama gumantung saking ingkang paring nama.

Tembung minangka nama tiyang jawi mendhet saking kalender Jawi, *pewayangan*, nama kewan, tetuwuhan, kembang, piranti, tembung kahanan, kawontenan nalika lair, utawi pangajab solah bawa dhumateng jabang bayi. (Uhlenbeck, 1982: 374-375). Sahid Teguh Widodo, Nuraini Yussof & Hisham Dzakariah (2010 : 264-265) ngandarkaken *klasifikasi unsur* dhasaring nama tiyang Jawi kaperang dados wolu unsur inggih menika unsur 1. agami, 2. alam, 3. *flora* saha *fauna*, 4. wayang, 5. ghaib, 6. *entiti*/ pangajab, 7. nomer, saha 8. pepenget.

1. *Unsur Agami*

Unsur agama inggih menika nama ingkang wonten gayutanipun kaliyan agami. Sumbering *unsur* agami inggih menika saged saking :

- a. *Asmaul Husna*, tuladhanipun *An Nur* ‘sumunar’, *Ar Rahman* ‘welas asih’,
- b. nama Nabi, tuladhanipun Muhammad, Ahmad, Isa, Yusup,
- c. kanca Nabi, tuladhanipun Abu Bakar, Usman, Ali,
- d. garwa Nabi, tuladhanipun Khotijah, Aisyah, Sofiah,
- e. putra Nabi, tuladhanipun Hasim, Ibrahim, Fatimah,
- f. ngemu teges sae, luhur, suci, tuladhanipun Anwar, Amin, Said,
- g. nama *Baptis*, tuladhanipun Agustinus, Ignatius, Monica

2. *Unsur Alam*

Unsur Alam inggih menika nama ingkang tegesipun wonten gayutanipun kaliyan alam donya. Bab menika minangka tandha antawis manungsa saha alam wonten gayutanipun ingkang raket. Sumbering *unsur* inggih menika dasanama saking tembung ingkang gayut kaliyan alam inggih menika :

- a. bumi : Bantala, Siti, Bumi, Pertiwi, Buwono
- b. banyu : Tirta, Warih, Luh, Banyu
- c. geni : Agni, Latu, Dahana, Brama, Puja
- d. angin : Hawa, Bayu
- e. langit : Surya, Lintang, Candra, Purnama, Daru
- f. gunung : Ardhi, Argo
- g. watu : Intan, Berlian, Permata, Kartika
- h. *logam mulia* : Platina
- i. cahya : Cahya

3. *Unsur Flora* saha *Fauna*

Unsur Flora ‘tatuwuhan’ saha *Fauna* ‘kewan’ inggih menika nama ingkang mundhut nama tetuwuhan utawi kewan ingkang dipunanggep suci, endah, saha kiyat. *Unsur* flora kaperang dados tigang jinis inggih menika :

- a. *tanaman hias* : Kusuma, Melati, Maya, Puspita, Sari, Sekar
- b. *bambu* : Ori, Petung
- c. *tanaman keras* : Jati

Unsur fauna inggih menika nama ingkang mundhut saking nama kewan, tuladhanipun nama Hesti, Elang, Nila, Kebo, Andini, Elang, Garudha.

4. *Unsur Wayang*

Wayang minangka sumbering paring nama wonten tiyang Jawi. Wayang wonten ing bebrayan ageng Jawi dipunraos tontonan ingkang saged dados tuntunan. Tontonan ingkang ngemot pitedah saha piwulang wonten ing panggesangan. Sumbering *unsur* wayang inggih menika nama dewa, satriya, dewi wonten lakon pewayangan minangka lakon ingkang tumindakipun sae.

- a. Dewa : Indra, Basuki, Ismaya, Wisnu, Endra
- b. Satriya : Bima, Arjuna, Lesmana
- c. Dewi : Anjani, Utari, Sri

5. *Unsur* Ghaib

Jinising *unsur* ghaib miturut R.M.Ng Wirjakusuma wonten ing Serat Widyakirana dipunperang dados sekawan jinis inggih menika pulung, wahyu, andaru, saha guntur. Jinising *unsur* ghaib menika ingkang dipunginakaken minangka nama tiyang Jawi.

- a. Pulung inggih menika *unsur* ingkang dipunpitados betha panguripan, saged mimpin bangsa, landhep ing sadaya cipta saha asih dhumateng sadaya makhluk. Tuladhanipun nama “Pulunggana”, “Pulungagni”
- b. Wahyu inggih menika *unsur* ingkang dipunpitados jiwaniipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur. Tuladhanipun nama “Wahyuningsih”, “Wahyususila”
- c. Andaru inggih menika *unsur* ingkang dipunpitados bakal dados tiyang ingkang sugih saha mulya. Tuladhanipun nama “Ndaru Nur”, “Sundaru, Kundaru”
- d. Guntur inggih menika *unsur* ingkang dipunpitados bakal paring panguripan. Tuladhanipun nama “Guntur Pradana”, “Guntur Tri Sila”

6. *Unsur Entiti/ Pangajab*

Entiti inggih menika wujud pangarep-arep utawi pepenginan (*motivasi*) saking ingkang paring nama. *Unsur* menika sumberipun saking pangajab ingkang paring nama inggih menika kados ing ngandhap.

- a. kakiyatan : Prakasa, Teguh, Kwatno
- b. kaprawiran : Prawira, Tatag, Satriya
- c. kapinteran : Wasis, Widya, Berliandi
- d. kabagyan : Bagia, Suka, Ria
- e. kabegjan saha slamet : Beja, Basuki, Widada
- f. ayu saha gantheng : Ayu, Endah, Manis
- g. kasugihan saha drajat : Gusti, Harta, Darma

7. *Unsur Nomer*

Unsur Nomer inggih menika *unsur* minangka tandha urutan lairipun putra. Tuladhanipun nama Eka minangka tandha putra nomer setunggal, Dwi minangka putra nomer kalih, saha salajengipun.

8. *Unsur Pepenget*

Unsur pepenget inggih menika *unsur* ingkang nyariosaken kawontenan nalika jabang bayi lair saengga saged dados pepenget ingkang paring nama utawi ingkang gadhah nama supados boten katalompen. Tuladhanipun nama ‘Nawangsari’ minangka mundhut saking papan nalika jabang bayi lair, nama ‘Prihatin’ minangka nalika lair kawontenanipun nembe dhuka, utawi nama ‘Kus’ minangka nama trah ing kulawarga.

E. Panaliten ingkang Jumbuh

1. *Skripsi* Abi Dharma Bakti Setyawan (2009) kanthi irah-irahan *Analisis Morfo-semantic Nama Peralatan Dapur di Kabupaten Pemalang*. Ancasipun panaliten menika nggambaraken nama piranti pawon mawi *morfologi, semantik* saha *variasi* paring nama piranti pawon ing wilayah Kabupaten Pemalang. Asiling panaliten menika :
 - a. Wonten bedanipun nyebat *fonem /i/ & /u/* antawis bebrayan ing Kecamatan Randu Dongkal saha Kecamatan Pemalang
 - b. *Faktor* ingkang pangaribawa bedanipun paring nama piranti pawon ing Kabupaten Pemalang inggih menika *faktor mobilitas* masarakat, alam saha *sosial*
 - c. Wonten *variasi* nama kangge tandha ingkang sami
 - d. Mangertosi tegesing piranti boten namung cekap miturut kawruh
 - e. Saben nama piranti pawon minangka tembung kriya nalika pikantuk *sufik{-an}* dados tembung aran.
2. *Skripsi* Anjas Sasmaya Puruhita (2012) kanthi irah-irahan *Kajian Morfosemantic Nama Orang di Gang II Desa Mungu Kecamatan Pertanahan Kabupaten Kebumen*. Ancasipun saking panaliten menika nggambaraken wujuding tembung, tegesing tembung saha madosi dhasaring paring nama tiyang ing Desa Mungu Kecamatan Pertanahan Kabupaten Kebumen. *Subjek* panaliten inggih bebrayan ageng ing gang II desa Mungu Kebumen. *Objek* panaliten inggih nama tiyang ing gang II desa Mungu Kebumen. Asiling panaliten menika :

- a. *bentuk lingual* nama tiyang kaperang dados tiga inggih menika setunggal, kalih, saha tigang tembung
- b. Nama kanthi *bentuk lingual* setunggal tembung gadhah enem dhasaring cara paring nama inggih menika saking dipunparingi tiyang sanes, pangajab tiyang sepuh, kawontenan nalika lair, cara lairipun, saha musyawarah
- c. Nama kanthi *bentuk lingual* kalih tembung gadhah sangang jinis dhasaring paring nama inggih menika kawontenan nalika lair, tandha jaler/estri, pangajab tiyang sepuh, pangginakan aksara ingkang sami, nuladha, urutaning lair, wekdal lairipun, saha cara lair.
- d. Nama kanthi *bentuk lingual* tigang tembung gadhah sanga jinis dhasaring paring nama inggih menika dipunparingi tiyang sanes, wekdal lair, mundhut saking nama tiyang sepuh, katresnan, nuladha, semedi, kabecikan, pangajab tiyang sepuh, saha tandha jaler/estri.
- e. Langkung kathah tiyang sepuh ingkang mangertosi tegesing nama kagem putranipun

Panaliten menika sami kaliyan kekalih panaliten menika inggih menika bab jinising panaliten ingkang ngginakaken *deskriptif kualitatif* saha ngginakaken *analisis morfosemantik*. Bedanipun inggih menika bab *objek* panaliten saha papanipun. *Objek* saha papan panaliten kekalih menika bab *analisis* nama piranti pawon ing Kabupaten Pemalang saha nama tiyang ing Kabupaten Kebumen. Panaliten menika *analisis* bab nama *mahasiswa angkatan 2009* ing *Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*.

F. Nalaring Pikir

Pangrembakaning nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY* saged dipuntaliti bab wujud, teges saha dhasaring paring nama. Wujuding tembung wonten nama *mahasiswa angkatan 2009* dipuntaliti mawi *analisis morfologi*. *Analisis morfologi* wonten ing nama *mahasiswa angkatan 2009* inggih menika wonten ing nama *mahasiswa* dipupilah miturut jinising tembung . Jinising tembung awujud tembung *polimorfemis* saha tembung *monomorfemis*.

Analisis semantik wonten panaliten menika madosi tegesing tembung mawi *makna leksikal* saha *makna gramatikal*. *Makna leksikal* ancasipun madosi tegesing nama *mahasiswa angkatan 2009* kanthi cara setungal baka setungal tembung wonten ing kamus. Kamus ingkang dipungginakaken wonten sedasa inggih menika a. kamus Sanskrit Dictionary, b. kamus Inggris-Indonesia, c. kamus Besar Bahasa Indonesia, d. kamus Spanyol Indonesia, e. kamus Nama-Nama Bayi, f. kamus Baoesastra Djawa, g. kamus Deutsch- Indonesisch, h. kamus Kawi-Jawa, i. kamus Jawa Kuna-Indonesia, j. kamus Arab-Indonesia. *Makna gramatikal* ancasipun madosi tegesing tembung ingkang sampun ngalami pandhapuking tembung.

Saben nama gadhah dhasar miturut kawontenan nalika bayi lair. Dhasaring paring nama dhumateng *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa* dipunperang dados wolu unsur inggih menika unsur agami, alam, *flora* saha *fauna*, wayang, ghaib, *entiti*/ pangajab, nomer saha pepenget.

BAB III CARANING PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken jinising panaliten *kualitatif* ingkang sipatipun *deskriptif*. Panaliten Kualitatif ingkang sipatipun deskriptif inggih menika data awujud tembung, gambar, saha sanes angka-angka (Moleong, 1993: 11). Jinis panaliten menika dipunpilih amargi *data* awujud *deskripsi* tembung inggih menika tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta (UNY)*. Jinis panaliten *deskriptif* inggih menika panaliti paring gambaran bab nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi dasar kasunyatan.

B. Data saha Sumbering Data

Data wonten ing panaliten menika awujud tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa*. Sumbering *data* pikantuk saking *dokumen* saha *mahasiswa angkatan 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Cacahing *mahasiswa angkatan 2009* menika wonten 155 tiyang. Mahasiswa angkatan 2009 minangka trahipun tiyang Jawi ingkang ngangsu kawruh wonten ing *Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY*. Titikan tiyang Jawi inggih menika ing padintenan ngginakaken basa Jawi, saha mapan utawi lair ing tlatah Jawi.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken

dokumentasi(dokumen), angket/ kuesioner, saha wawancara.

1. Dokumentasi (dokumen)

Dokumen wonten ing paniliten inggih menika awujud data nama mahasiswa angkatan 2009 ingkang taksih aktif kuliah wonten ing semester pitu utawi wolu. Dokumen menika pikantuk saking Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY. Saking dokumen menika, panaliti saged mangertos cacahing mahasiswa saha sinten kemawon nama mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY ingkang taksih aktif kuliah.

2. Angket/ Kuesioner

Angket/ kuesioner dipunginakaken kangge mangertosi nama mahasiswa ingkang saestu leres saha jangkep. Angket ugi mbiyantu panaliti supados wekdal -ipun langkung efisien, amargi cacahing subjek panaliten ingkang kathah. Wosipun angket wonten tiga inggih menika identitas/ biodata, tegesing nama saha dhasaring paring nama para mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY. Wekdal para mahasiswa kangge ngisi angket inggih menika kirang langkung setunggal wulan supados mahasiswa ingkang boten mangertos namanipun saged nyuwun pirsu rumiyin kaliyan tiyang sepuhipun.

3. Wawancara

Wawancara dipunginakaken bab panyeratan angket ingkang kirang jangkep, saengga dados pitakonan panaliti. Jinis wawancara ingkang dipunginakaken inggih menika wawancara boten terstruktur. Wawancara boten terstruktur inggih menika panaliti saged nyuwun pirsu menapa kemawon, nanging taksih wonten gayutanipun kaliyan bab ingkang dipunrembag wonten panaliten menika. Bab ingkang dados pedoman wawancara inggih menika kados wonten

ing angket. Caraning wawancara kaliyan narasumber inggih menika mawi *temu langsung*(*face to face*), utawi *boten langsung*(*telpon/sms*).

D. Pirantining Panaliten

Panaliti minangka tiyang ingkang ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika. Ing panaliten menika panaliti dipunbiyantu dening piranti bantu inggih menika *dokumen, angket, kamus, saha pedoman wawancara*. *Dokumen* awujud nama *mahasiswa* angkatan 2009 ingkang taksih *kuliah* ing *semester* pitu. *Angket* awujud pitakonan bab *biodata*, tegesing nama, saha dhasaring paring nama *mahasiswa angkatan* 2009. Kamus minangka piranthi kangge mangertosi tegesing tembung minangka nama *mahasiswa angkatan* 2009. *Pedoman wawancara* awujud pitakonan kados wonten angket inggih menika bab *biodata*, tegesing nama, saha dhasaring paring nama.

E. Caranipun Analisis Data

Cara *analisis data* ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif*. *Analisis deskriptif* inggih menika ngrembag *data* ingkang wujudipun tembung wonten ing nama *mahasiswa angkatan* 2009. Caranipun nganalisis inggih menika *tabulasi, klasifikasi, saha interpretasi*. *Tabulasi* inggih menika nglebetaken *data* wonten ing *tabel*. *Klasifikasi* inggih menika milah *data* wonten *tabel* miturut wujuding tembung, dhasaring paring nama saha tegesing nama. *Interpretasi* inggih menika upaya *tafsir* nama kanthi langkung jero, *teoritis*, saha wiar dhumateng asiling panaliten, saengga pikantuk dudutan ingkang *ilmiah*

(Moleong, 1988: 151). Caraning *analisis deskriptif* wonten paniliten menika tata urutanipun kados ing ngandhap menika.

1. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunlebetaken wonten *tabel analisis data*. *Data* menika dipunurutaken miturut abjad nama mahasiswa. Wosipun *tabel analisis data* inggih menika wujuding tembung, dhasaring paring nama, saha tegesing nama.
2. *Data* dipunidentifikasi saha dipunpilah dados tiga inggih menika miturut *analisis morfologi*, dhasaring paring nama, saha *analisis semantik*
3. Tembung minangka pandhapuking nama dipunpilah miturut *analisis morfologi* kaperang dados tiga inggih menika tembung *monomorfemis*, tembung *polimorfemis*, saha tembung *monomorfemis & polimorfemis*.
4. Nama *mahasiswa angkatan 2009* lajeng dipunidentifikasi saha dipunpilah unsur dhasaring paring nama. Unsur dhasaring paring nama kaperang dados wolu inggih menika a. unsur agami, b. unsur alam, c. unsur flora/ fauna, d. unsur wayang, e. unsur ghaib, f. unsur pangajab, g. unsur nomer, saha h. unsur pepenget.
5. *Analisis semantik* inggih menika tembung-tembung minangka nama *mahasiswa angkatan 2009* dipunpadosi tegesipun wonten kamus. Kamus ingkang dipungginakaken wonten sedasa kamus inggih menika a. kamus Sanskrit Dictionary, b. kamus Inggris-Indonesia, c. kamus Besar Bahasa Indonesia, d. kamus Spanyol Indonesia, e. kamus Nama-Nama Bayi, f. kamus Baoesastra Djawa, g. kamus Deutsch- Indonesisch, h. kamus Kawi-Jawa, i. kamus Jawa Kuna-Indonesia, j. kamus Arab-Indonesia. Tembung ingkang boten wonten ing kamus dipunpadosi tegesing tembung miturut ingkang paring

nama. Tembung ingkang sampun ewah saking wujud dhasaripun dipunpadosi mawi *makna gramatikal*.

Perangan *data* wonten ing panaliten menika ngalami *reduksi data*. Bab menika dipuntindakaken panaliti, amargi nara sumber boten mangertos tegesing namanipun utawi dhasaring paring namanipun.

F. Validitas saha Reliabilitas Data

1. Validitas Data

Panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori* saha *validitas semantik*. *Triangulasi teori* inggih menika asiling *data* dipundayani dening *teori-teori* ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten menika. *Validitas Semantik* inggih menika *data* bab nama *mahasiswa angkatan 2009* dipunparingi teges miturut *konteksupun* inggih menika nama *mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta*. Tuladha pangginakan *validitas semantik* wonten nama *mahasiswa Adhi Susworo* inggih menika kados mekaten.

Nama Adhi Susworo minangka nama jaler ingkang kadadosan saking kalih tembung. Tembung Adhi minangka tembung *monomorfemis*. Tembung Adhi tegesipun adhik, sedulur enom (Purwadarminto, 1939: 4). Tembung Suswara minangka tembung *polimorfemis* kadadosan saking *morfem bebas*{su}saha {swara}. *Morfem bebas* {su} tegesipun sanget, sae (Mardiarsito, 1981: 540). Dados nama Adhi Susworo tegesipun sedulur enom ingkang gadhah swara ingkang sae. Miturut mahasiswa minangka ingkang gadhah nama, nama Adhi Susworo tegesipun adhi ingkang swantenipun sae. Saking bab menika, miturut

kamus saha ingkang paring nama gadhah teges ingkang sami. Dados tiyang sepuh mangertos tegesipun nama Adhi Susworo.

Unsur dhasaring paring nama wonten nama Adhi Suswara inggih menika *unsur entiti/* pangajab ingkang sumberipun pangajab ingkang sae. Bab menika saged katingal saking tegesing nama ingkang ngemu pangajab ingkang sae inggih menika dados adhi ingkang swantenipun sae.

2. *Reliabilitas Data*

Reliabilitas data ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* inggih menika asiling panaliten ingkang dipuntindakaken tetep ajeg utawi boten ewah ing wekdal ingkang beda. Panaliti wonten panaliten menika maos *data* dipunambali ing wekdal ingkang beda kanthi temenan supados pikantuk *data* ingkang sami utawi boten ewah saha cetha.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten *analisis morfosemantik* nama mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta inggih menika maneka warni wujuding tembung, dhasaring paring nama, saha tegesing nama. Asiling panaliten menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel1 : Wujuding Tembung, Dhasaring Paring Nama, saha Tegesing Nama Mahasiswa Angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY

No	Wujuding Tembung	Dhasaring Paring Nama	Tegesing Nama	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Tembung Mono-morfemis	Unsur Agami	Ahmad Furqon → tiyang saged mbedakaken bab ingkang ala saha sae	- Ahmad ‘Muhammad’, furqan ‘katrangan ingkang mbedakaken antawis hak saha bathil’ (data 5) - Ahmad minangka nama sanes Nabi Muhammad - Salah satunggaling nama surat ing <i>Al-Quran</i> inggih menika surat <i>Al Furqan</i>
		Unsur Flora/Fauna	Sesinia Rendhi Loura → wanita ingkang migunani kados kembang turi	<i>Sesbania Grandi</i> Flora ‘kembang turi’ (data 127) - Pangajab dados tiyang ingkang endah, saha migunani kagem tiyang sanes kados kembang turi
		Unsur Wayang	Titis Bayu Noto → titisan ratu angin	- Titis ‘panjalma’, bayu ‘angin’, nata ‘ratu’ (data 137) - Bayu Nata wonten ing pewayangan inggih menika Bathara Bayu. Bathara Bayu gadhah sipat kiat, saha ngayomi utawi njagi alam donya
		Unsur Entiti/Pangajab	Andhika Wicaksana → pemimpin ingkang wicaksana	- Andhika ‘pemimpin’, Wicaksana ‘wicaksana’ (data 9) - Pangajab dados pemimpin ingkang wicaksana

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		<i>Unsur Pepenget</i>	Endra Wijaya → pemimpin ingkang agawe menang	• Endra ‘ratu’, wijaya ‘menang’ (<i>data 50</i>) • Nama Endra Wijaya pepenget nama sanggar anggenipun tiyang sepuh inggih menika Indera Jaya
		<i>Unsur Agami + Alam</i>	Nurul Huda → cahya minangka pitedah saking Gusti Allah	• Nurul ‘cahya’, <i>hudan</i> ‘pitedah’ (<i>data 111</i>) • Tembung nurul minangka dasanama saking cahya • Tembung huda minangka pangajab tansah dipunparingi pitedah dening Gusti Allah S.W.T
		<i>Unsur Agami + Pepenget</i>	Fajar Istikhomah → putra lair nalika fajar ingkang teteg	• Fajar ‘enjing’, istaqāma ‘teteg, lurus’ (<i>data 57</i>) • Tembung fajar minangka pepenget lair ing wekdal fajar • Tembung istikhomah minangka pangajab tansah teteg marang Gusti Allah
		<i>Unsur Alam + Pepenget</i>	Aditya Ryan Atma Ardany → Putunipun simbah Ardany ingkang sipatipun kados srengenge	• Aditya ‘srengenge’, ryan ‘pemimpin’, atma ‘anak’, ardany ‘suci’ (<i>data 2</i>) • Aditya minangka <i>unsur</i> alam ingkang sipatipun kados srengenge • Ardany minangka pepenget nama simbah
		<i>Unsur Pangajab + Nomer</i>	Bangun Arta Prima → putra kapisan ingkang sugih	• Bangun ‘tangi’, arta ‘dhuwit’, Prima ‘utama’ (<i>data 25</i>) • Nama menika gadhah pangajab gumregah golek arta • Tembung prima minangka putra lair urutan kapisan
		<i>Unsur Pangajab + Pepenget</i>	Ria Asmara Timur → putra ingkang bagya, saha laira kanthi raos tresna	• Ria ‘bagya’, asmara ‘tresna’, timur ‘wetan’ (<i>data 116</i>) • Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang bagya saha dipuntresnani • Tembung timur minangka pepenget nama papan inggih menika Timor-Timor

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		<i>Unsur Flora/ Fauna + Pepenget</i>	Fania Wardah → wanita ingkang endah kados kembang mawar	• fania ‘wanita’, wardah ‘mawar’ (<i>data</i> 58) • Wardah minangka unsur alam ingkang sipatipun endah kados kembang mawar • Fania minangka pepenget lair putra estri
		<i>Unsur Ghaib + Pangajab</i>	Wahyu Arum Wijayanti → anugrah ingkang arum kados kembang	• Wahyu ‘wedharing Gusti’, arum ‘wangi’, wijayanti ‘jaya’ (<i>data</i> 148) • Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang arum saha jaya/ bagya • Wahyu inggih menika dipunpitados jiwaniipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur.
		<i>Unsur Nomer + Pepenget</i>	Eka Siwi Prihatin → putra kapisan ingkang priatin	• Eka ‘setunggal’, siwi ‘anak’, prihatin ‘sedhih’ (<i>data</i> 44) • Tembung eka minangka tandha putra kapisan • Pepenget nalika ingkang gadhah nama lair kawontenanipun bapak saweg gerah
		<i>Unsur Agami + Wayang + Nomer</i>	Shinta Dwi Fitri Astuti → wanita ingkang setya lair caket dinten riyaya <i>Idul Fitri</i>	• Sinta ‘wuku kang kapisan’, dwi ‘kalih’, fitri ‘suci’, astuti ‘sembah’ (<i>data</i> 128) • Pangajab dados wanita ingkang setya kados lakon wayang dewi Sinta • Tembung dwi minangka tandha putra urutan lair kaping kalih • Wanita ingkang lair nalika caket dinten riyaya <i>Idul Fitri</i>
		<i>Unsur Agami + Pangajab + Pepenget</i>	Muhammad Adhytia Artha Kusuma → tumindak kados nabi Muhammad, bagus saha,	• Muhammad ‘sae’, aditya ‘srengenge’, artha ‘duit’, kusuma ‘kembang’ (<i>data</i> 98) • Tembung Muhammad minangka nama nabi • Tembung Adhytia minangka nama tiyang sanes ingkang sae saha bagus

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			rezekinipun lancer	• Pangajab rezekinipun saged sempulur / ngrembaka
		<i>Unsur</i> Alam + Pangajab + Nomer	Heri Eko Prasetyo → putra kapisan ing kang bakal setya tuhu saha semangat	• Hari 'srengenge', eka 'siji', prasetya 'setya tuhu' (<i>data</i> 67) • Pangajab dados tiyang ing kang semangat kados srengenge, saha setya tuhu • Tembung eko minangka tandha putra jaler ing kang kapisan
		<i>Unsur</i> Alam + Pangajab + Pepenget	Warih Sri Martani → pemimpin ing kang adil saha sipatipun kados toya	• Warih 'toya', sri 'ratu', martani 'aweh warta' (<i>data</i> 150) • Nama menika pepenget nalika ing kang gadhah nama lair bapakipun dados perangkat desa ing kang ngurusi bab toya • Pangajab dados pemimpin ing kang adil saha sipatipun kados toya inggih menika adhap asor, saha adem
		<i>Unsur</i> Alam + <i>Flora/</i> <i>fauna</i> + Pepenget	Putri Jati Nur Intan → wanita ing kang kiat kados wit jati saha sumunar kados Intan	• Putri 'estri', jati 'wit jati', nur 'cahya', intan 'watu permata' (<i>data</i> 113) • Tembung putri minangka pepenget lair putra estri • Pangajab dados tiyang ing kang kiat kados wit jati, sumunar, endah, saha wigati kados watu inten
2.	Tembung <i>Poli-</i> <i>morfemis</i>	<i>Unsur</i> Agami	Fachrudin → tiyang ing kang bekti dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah	• (<i>faqr</i> 'sendi tulang' + <i>dinun</i> 'agami') (<i>data</i> 56) • Nama menika ngemu teges becik inggih menika dados tiyang ing kang gayut ing bab agami inggih menika dipuntindakaken kanthi bekti dhumateng tiyang sepuh, Gusti Allah, saha migunani tumrap bangsa
		<i>Unsur</i> Alam	Ardiani → wanita sipatipun kados gunung	• Ardi 'gunung' + {-ani} 'tandha estri' (<i>data</i> 22) • Gunung sipatipun inggih menika ageng, saha kiat/<i>kokoh</i>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		<i>Unsur Pangajab</i>	Rizki Kurniawan → Putra ingkang kawelasan rezeki	• (rizkun ‘rezeki’ + {-i}) (karunia ‘kawelasan’ + {-wan}) ‘tandha jaler’) (<i>data</i> 120) • Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang kawelasan rezeki utawi sugih
		<i>Unsur Pepenget</i>	Endri Kurniawati → bapak Edi saha ibu Winarni kawelasan putra estri	• endri ‘<u>edi</u> winarni’ (karunia ‘kawelasan’ + {-wati}) ‘tandha estri’) (<i>data</i> 51) • Nama menika minangka cekakan saking nama tiyang sepuh inggih menika Endri (<u>Edi</u> Winarni)
		<i>Unsur Agami + Pangajab</i>	Anis Wibawanti → wanita ingkang gadhah wibawa	• <i>An-Nisa</i> ‘wanita’, (wibawa ‘waibawa’ + {-anti}) ‘tandha estri’ (<i>data</i> 17) • Salah satunggaling nama Surat ing <i>Al-Quran</i> inggih menika surat <i>An-Nisa</i>. • Nama menika gadhah pangajab dados wanita ingkang gadhah wibawa
		<i>Unsur Agami + Pepenget</i>	Anis Arviani → Wanita putranipun bapak Yanto saha putunipun simbah Iskak wonten ing papan inggil piyambak	• (An –Nisa ‘estri’) (A’raf ‘papan inggil’ + {-ani}) ‘tanda estri’) (<i>data</i> 16) • Nama Surat ing <i>Al-Quran</i> inggih menika surat <i>An-Nisa</i>, saha <i>Al A’raf</i> • Tembung anis minangka pepenget nama bapak saha simbah inggih menika Yanto saha Iskak
		<i>Unsur Agami + Nomer</i>	Fisna Aziza Rahma → putra kapindho ingkang luhur saha welas asih	• ([f] + <i>isnani</i> ‘kalih’) (Aziz ‘kiat’ + {-a}), rahman ‘welas asih’ (<i>data</i> 61) • Tembung fisna minangka tandha putra lair urutan kaping kalih • Aziza rahma minangka <i>Asmaul Husna</i> inggih menika <i>Al Aziz (Maha Perkasa)</i> saha <i>Al Rahman (Maha Pengasih)</i>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		Unsur Nomer + Pepenget	Harini → wanita minangka pambuka	• ({ha-} + rini) ‘estri’ (<i>data</i> 65) • Aksara /Ha/ minangka aksara kagem tandha putra ingkang lair kapisan • Tembung rini minangka pepenget lair putra estri
		Unsur Agami + Pangajab +	Chory Apriadikari → wanita	• (Qaroa ‘maos <i>Al-Quran</i>’ + {-i}) (April + dikari ‘mandiri’) (<i>data</i> 29) • Pangajab saged maos
		Pepenget	ingkang saged maos <i>Al-Quran</i> saha berdikari	• <i>Al-Quran</i> • Tembung Apridikari minangka pepenget lair ing wulan April saha pangajab putra ingkang saged <i>berdikari</i>
3.	Tembung <i>Mono-morfemis</i> saha <i>Poli-morfemis</i>	Unsur Agami	Vina Inayatul Mauna → Putra ingkang lair amargi pitulungan dening Gusti Allah	• Vina ‘wanita, Inayat ‘pitulungan’ (<i>Al Ma’un</i> ‘migunani’ + {-a}) (<i>data</i> 146) • Nama menika minangka pangajab tansah pikantuk pitulungan dening Gusti Allah S.W.T saha migunani tumrap sesami.
		Unsur Alam	Intan Purnamasari → putri ingkang endah saha wigatos kados intan saha purnama	• Intan ‘watu permata’, (purnama ‘rembulan wentah’ + sari ‘endah’) (<i>data</i> 72) • Intan minangka salah satunggaling watu permata ingkang indah saha reginipun awis • Purnama minangka aran ing langit ingkang endah saha wujudipun sampun sampurna
		Unsur Pangajab	Ryco Vendy Amenity → kedah kiat saha sabar kangge nggayuh impen	• Riko ‘sugih’, affendy ‘pemimpin’, amenity ‘sabar’ (<i>data</i> 125) • Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang kiat saha sabar
		Unsur Pepenget	Rinda Putri Meilantika → Wanita lair ing wulan Mei saking	• Rinda ‘samodra’, putri ‘estri’, (mei + lan + tika ‘anggitan’) (<i>data</i> 117) • Tembung putri minangka pepenget lair putra estri

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			trah Kromotika ingkang namanipun Rinda	• Tembung meilantika minangka pepenget lair ing wulan mei saha trahipun Kromotiko - Ing kulawarganipun saben putra aksara ing wiwitan inggih menika aksara /r/ saha tambahan aksara /n/ saha /d/
		Unsur Agami + Alam	Annas Nurul Fadhillah → manungsa ingkang migunani kados cahya ingkang sumunar	• <i>An-Nas</i> ‘manungsa’, nurul ‘cahya’, fadhilah ‘utama’ (<i>data</i> 19) • Salah satunggaling nama surat ing <i>Al-Quran</i> inggih menika surat <i>An-Nas</i> • Tembung nurul minangka pangajab dados tiyang ingkang sumunar kados cahya
		Unsur Agami + Nomer	Akhmad Fatkhul Amin → tiyang jaler minangka kunci kapitadosan	• <i>aḥmad</i> ‘Muhammad’, <i>fathūn</i> ‘pambuka’, al-<i>amīn</i> ‘saged dipunpitados’ (<i>data</i> 6) • Tembung <i>aḥmad</i> minangka nama sanes Nabi Muhammad • Tembung fatkhul minangka tandha putra lair kapisan • Gelaripun Nabi Muhammad inggih menika <i>Al-Amīn</i> (saged dipunpitados)
		Unsur Agami + Pepenget	Monica Valent Minanda → putranipun ibu Minuk ingkang dipun-tresnani	• Monica, Valent (/mi/+ nanda ‘anak’) (<i>data</i> 97) • <i>Monica Valent</i> minangka nama baptis • Tembung minanda minangka cekakan saking nama ibunipun ingkang gadhah nama ingih menika ibu Minuk
		Unsur Alam + Ghaib	Wahyu Retnosari → kawelasan wanita ingkang endah kados permata	• Wahyu ‘wedharing Gusti’ (retno ‘inten’ + sari ‘endah’) (<i>data</i> 149) • Tembung retnosari minangka pangajab endah kados watu permata • Tembung wahyu dipunpitados jiwaniipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		<i>Unsur</i> Alam + Pangajab	Erdian Sigit Pangestu → Cahyaning toya ingkang becik saha dipunpangest uni	• (her ‘toya’ + diyan ‘pepadhang’) sigit ‘bagus’, pangestu ‘berkah’ (<i>data</i> 52) • Tembung erdian minangka kalih <i>unsur</i> alam ingih menika sipat kados toya saha sumunar kados cahya • Tembung sigit minangka pangajab dados tiyang ingkang sae
		<i>Unsur</i> Alam + Pepenget	Habib Hermanto → putranipun bapak Suparmanto	• Habib ‘trahing nabi Muhammad’ (her ‘toya’ + {-manto} ‘tandha jaler’) (<i>data</i> 63) • Tembung habib minangka nama tiyang sanes ingkang mbiyantu nalika ingkang gadhah nama badhe lair • Tembung hermanto minangka ingkang gadhah nama kadadosan saking toyanipun bapak Suparmanto
		<i>Unsur</i> Pangajab + Nomer	Sulus Arifata → putra katelu minangka taruna ingkang wicaksana	• ŚulŚun ‘tiga’ (<i>arif</i> ‘wicaksana’ + <i>fatan</i> ‘taruna’) (<i>data</i> 130) • Tembung sulus minangka tandha urutan lair nomer tiga • Tembung arifata minangka pangajab dados taruna ingkang wicaksana
		<i>Unsur</i> Pangajab + Pepenget	Endah Yulistia- ningsih → wanita ingkang endah, saha setya	• Endah ‘ayu’ (yuli + setya + ningsih ‘estri/ bening asih’) (<i>data</i> 49) • Nama menika gadhah pangajab dados wanita ingkang endah saha setya • ingkang gadhah nama lair ing wulan September saengga namanipun Endah Septianingsih, amargi tangga tepalih namanipun sami lajeng dipungantos Yulistianingsih

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		Unsur Alam + Flora/fauna	Nurul 'Aini Zainatuz Zuhriyah → Soca ingkang sumunar saha endah	• Nurul 'cahya' ('ain'soca' + {-i}) (zain 'rerenggan' + {-atun}) zuhriyah 'kembang' (data 110) • Nama menika gadhah pangajab sumunar kados cahya saha endah kados kembang
		Unsur Flora/Fauna + Pepenget	Linda Puspita Nawangsari → kembang ingkang dipuntandur tiyang sepuh saha lahir ing dusun Tawangsari	• Linda 'ayu', puspita 'kembang', (nawang 'nyawang' + sari 'endah') (data 85) • Tembung linda minangka pepenget nama penyanyi dangdut Linda Karela • Pangajab dados tiyang ingkang endah kados kembang • Pepenget nama dusun Tawangsari
		Unsur Nomer + Pepenget	Rizqy Prima Jalu Prasetyatama → rezeki putra kapisan awujud tiyang jaler ingkang utama	• (rizkun'rezeki' + {-i}) prima 'utama', jalu 'jaler', (prasetya 'setya tuhu' + tama 'utama') (data 122) • Tembung prima minangka tandha putra lair kapisan • Tembung jalu minangka pepenget lair putra jaler • Tembung prasetyatama minangka nama trah saking bapak
		Unsur Wayang + Nomer	Tri Wisnu Handoyo → Putra ketelu ingkang dipunparingi lancer	• Tri 'tiga', wisnu 'dewa Wisnu', ({ha-} + {N-} + daya 'kiyat') (data 139) • Tembung tri minangka tandha putra urutan lair nomer tiga • Pangajab dados tiyang ingkang kiat/ sakti kados bathara Wisnu. Dewa wisnu ugi gadhah jejibahan nglestantunaken saha njagi alam donya
		Unsur Wayang + Pepenget	Linda Agusta Indra Widiastuti → putra ingkang sipatipun kados bathara	• Linda 'ayu' (agus 'bagus' + {-ta}) indra 'ratu', widyastuti 'bekti' (data 83) • Tembung linda minangka nama tiyang Manca Nagari • Agusta minangka pepenget

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			Indra	nama bapakipun inggih menika bapak agus • Pangajab dados tiyang ingkang kiat kados Bathara Indra • Tembung widyastuti minangka pepenget nama ibunipun
		Unsur Agami + Alam + Entiti	Eliya Banu Fitriana → putra ingkang kedah eling saha sipatipun kados srengenge	• (eling ya) banu 'srengenge', (fitri 'suci' + {-ana}) (<i>data 47</i>) • Pangajab dados tiyang ingkang eling dhumateng Gusti Allah, saha sipatipun saged paring panguripan, kados srengenge • Wanita ingkang lair nalika caket dinten riyaya <i>Idul Fitri</i>
		Unsur Agami + Alam + Ghaib	Dian Wahyu Fitrianti → kawelasan cahya ing wulan fitri (<i>Idul Fitri</i>)	• Diyan 'pepadhang', wahyu 'kawelasan', (fitri 'suci' + {-anti} 'tandha estri') (<i>data 39</i>) • Tembung dian minangka dasanama cahya ingkang ngemu teges saged dados pepadhang • Wahyu inggih menika unsur ingkang dipunpitados jiwanipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur. • Wanita ingkang lair caket dinten riyaya <i>Idul Fitri</i>
		Unsur Agami + Alam + Nomer	Eka Nur Fitriana → putra kapisan minangka cahya ingkang suci	• Eka 'setunggal', nur 'cahya', (fitri 'suci' + {-ana}) (<i>data 43</i>) • Tembung eka minangka tandha putra ingkang lair kaping setunggal • Tembung nur minangka dasanama cahya ingkang ngemu teges saged dados pepadhang • Wanita ingkang lair caket dinten riyaya <i>Idul Fitri</i>
		Unsur Agami + Alam + Pepenget	Lisa Dewi Nurul Anisa → wanita ingkang sumunar minangka	• Lisa 'lurus', dewi 'bidadari', <i>nurul</i> 'cahya', <i>An-Nisa</i> 'wanita' (<i>data 88</i>) • Tembung lisa minangka walikan saking nama simbah inggih menika simbah Sali

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			putunipun simbah Sali	• Tembung dewi minangka pepenget lair putra estri • Pangajab dados tiyang ingkang sumunar kados cahya • Salah satunggaling nama surat ing <i>Al-Quran</i> inggih menika surat <i>An-Nisa</i>
		Unsur Agami + Entiti + Nomer	Fatkur Rohman Nur Awalin → putra kapisan saged dados <i>ujung tombak</i> saha welas asih	• <i>fatḥun</i> ‘jaya’, <i>rahman</i> ‘welas asih’ <i>nur</i> ‘cahya’ (<i>awwalu</i> ‘rumiyin’ + {-in}) (<i>data</i> 59) • Pangajab dados tiyang ingkang jaya / bagya • Tembung <i>Asmaul Husna</i> inggih menika <i>Ar Rahman</i> (<i>Maha Pengasih</i>), <i>Al Nur</i> (<i>Maha Bercahaya</i>) • Tembung <i>awalin</i> minangka tandha putra lair urutan kapisan
		Unsur Agami + Pangajab + Pepenget	Maya Yulaikha → wanita lair ing wulan Juni ingkang ayu kados Siti Zulaikha	• Maya ‘endah sanget’, (yuli + zulaikha) (<i>data</i> 91) Pangajab dados tiyang ingkang endah sanget • Tembung Yulaikha minangka pepenget lair ing wulan Juli saha nama garwanipun Nabi Yusuf inggih menika Siti Zulaikha ingkang pasuryanipun ayu
		Unsur Alam + Pangajab + Pepenget	Klasobo Ervika Aji Setiyana → Putra ingkang gadhah kaluwihan saha sipatipun kados banyu	• Klasobo ‘Klaten Wonosobo’ (er ‘toya’ + vika ‘putra’) aji ‘kaluwihan’ (setya + {-ana}) (<i>data</i> 78) • Tembung klasobo minangka cekakan nama papan inggih menika <u>Klaten</u> saha <u>Wonosobo</u> • Pangajab dados tiyang ingkang sipatipun kados toya inggih menika andhap asor, saha adem saha tiyang ingkang gadhah kaluwihan • Tembung setiyana minangka cekakan saking nama tiyang sepuh inggih menika <u>Setiyaningsih</u> saha <u>Mujiono</u>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
		Unsur Alam + Flora/ Fauna + Pepenget	Diyah Kusumaayu Cahaya Ningrum → putri ingkang ayu, sumunar, luhur saha arum kados kembang	• Diyah ‘estri’ (kusuma ‘kembang’ + ayu) cahya ningrum ‘bening arum’ (data 41) • Tembung diyah minangka pepenget lair putra estri • Pangajab dados tiyang ingkang ayu pasuryanipun, arum kados kembang, saha saged dados pepadhang
		Unsur Alam + Nomer + Pepenget	Firda Novia Lita → cahyaning utama ing wulan November	• Fardah ‘utama’, (november + {-ia}), pelita ‘pepadhang’ (data 60) • Tembung firda minangka tandha putra ingkang kapisan • Pepenget lair ing wulan November • Pangajab dados tiyang ingkang saged sumunar kados cahya
		Unsur Pangajab + Nomer + Pepenget	Yunita Anggun Try Wijayanti → putra kaping tiga lair ing wulan Juni ingkang anggun saha wijaya	• (juni + {-ta}) anggun ‘wibawa’, tri ‘tiga’, wijayanti ‘jaya’ (data 155) • Pepenget wanita ingkang lair ing wulan Juni • Pangajab dados wanita ingkang pasuryanipun ayu saha wijaya/ bagya • Tembung try minangka tandha putra urutan kaping tiga
		Unsur Flora/ Fauna + Pangajab + Nomer	Anggi Tri Puspitasari → Putra kaping tiga ingkang anggun saha endah kados kembang	• Anggi ‘awak’, tri ‘tiga’ (puspita ‘kembang’ + sari ‘endah’) (data 13) • Tembung tri minangka tandha putra urutan lair nomer tiga • Pangajab dados wanita ingkang endah kados kembang • Tembung anggi saking tembung anggun minangka pangajab dados tiyang ingkang anggun/ wibawa
		Unsur Flora/ Fauna + Nomer + Pepenget	Umma Wahidatuz Zuhriyah → ibu ingkang mekar kados	• Ummahatun ‘ibu’, (wahid ‘kapisan’ + {-atun}), zuhriyah ‘kembang’ (data 144) • Tembung umma minangka pepenget lair putra estri

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			kembang	• Tembung <i>wahidatuz</i> minangka putra lair ingkang kapisan • Pangajab dados tiyang ingkang endah kados kembang
		<i>Unsur Ghaib + Pangajab + Nomer</i>	Lestari Dwi Wahyuni → Putra kapindho ingkang slamet minangka kawelasan saking Allah	• Lestari ‘slamet’, dwi ‘kalih’ (wahyu ‘wedharing Gusti’ + {-ni}) (<i>data 82</i>) • Pangajab dads wanita ingkang slamet • Tembung dwi minangka tandha putra urutan lair kaping kalih • Wahyu inggih menika <i>unsur ghaib</i> ingkang dipunpitados jiwani pun dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur.
		<i>Unsur Ghaib + Pangajab + Pepenget</i>	Erika Wahyu Andriani → Anugrah awujud etika kangge pepadhang ing kulawarga	• Erika ‘etika’, wahyu ‘wedharing Gusti’, (andri ‘kendel’+ {-ani}) (<i>data 53</i>) • Tembung erika saking tembung etika minangka pangajab dados tiyang ingkang tumandakipun sae • Tembung wahyu inggih menika <i>unsur ghaib</i> ingkang dipunpitados jiwani pun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur. • Andriani minangka pepenget nama sedulur kandung ingkang sampun seda
		<i>Unsur Flora/ Fauna + Wayang + Nomer + Pepenget</i>	Rosalina Eka Desinta → wanita minangka putra kapisan lair ing wulan Desember ingkang setya saha endah	• (rose ‘mawar’ + lina ‘alus’) eka ‘setunggal’ (desember + sinta) (<i>data 123</i>) • Wanita ingkang sipatipun endah kados kembang mawar • Tembung eka minangka tandha putra kapisan • Tembung desinta minangka pepenget lair ing wulan Desember saha setya kados lakon wayang Dewi Sinta

Adhedhasar asiling panaliten wonten inggil saged dipunmangertosi nama mahasiswa angkatan 2009 Prodi Pendidikan Bahasa Jawa UNY wonten maneka warni wujud saha tegesing nama mawi *analisis morfo-semantik*. Maneka warni wujudipun saking wujuding tembung inggih menika tembung *monomorfemis*, tembung *polimorfemis* saha tembung *monomorfemis & polimorfemis*. Unsur dhasaring paring nama menika wonten wolu unsur inggih menika unsur agami, alam, *flora/ fauna*, wayang, ghaib, pangajab, nomer, saha pepenget. Dhasaring paring nama wonten ingkang kadadosan saking setunggal unsur utawi langkung setunggal unsur.

B. Pirembagan

Pirembagan wonten ing bab menika nama mahasiswa dipunurutaken miturut wujuding tembung inggih menika tembung *monomorfemis*, tembung *polimorfemis*, saha tembung *monomorfemis & polimorfemis*. Bab menika dipunsebabaken saben nama kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung. Wosing saking *analisis* saben nama inggih menika wujuding tembung, tegesing nama, saha dhasaring paring nama. Tetiga bab menika badhe dipunrembag kados ing ngandhap menika.

1. Tembung *Monomorfemis*

Tembung minangka nama mahasiswa wujudipun tembung *monomorfemis* utawi tembung lingga. Saben nama wonten ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *monomorfemis*. Ing bab menika wosipun nama ingkang kadadosan saking tembung *monomorfemis*. Nama ing bab menika kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal unsur dhasaring paring

nama. *Unsur* dhasaring paring nama wonten ing nama ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *monomorfemis* inggih menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Setunggal Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking setunggal unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur* Agami

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami inggih menika nama Ahmad Furqon.

a) Ahmad Furqon

Ahmad Furqon minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung ahmad saha *furqan*. Adhedhasar kamus tembung *ahmad* / *Muhammad* (Ar) : ingkang pinuji (Mahmud, 1989: 108). *Furqan* (Ar) : kitab/ katrangan ingkang mbedakaken antawis *hak* (Islam) saha *bathil* (*musrik*) (Mahmud, 1989: 314). Dados adhedhasar kamus nama Ahmad Furqon tegesipun pinuji saha saged mbedakaken antawis *hak* saha *bathil* kados Nabi Muhammad S.A.W. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Ahmad Furqon tegesipun tiyang ingkang saged mbedakaken antawis bab ingkang sae saha ala. Tegesing nama Ahmad Furqon adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ahmad Furqon.

Nama Ahmad Furqon kalebet wonten *unsur* Agami. Tembung ahmad minangka nama sanes Nabi Muhammad. Lajeng tembung Furqon minangka nama salah satunggaling nama surat ing *Al-Quran* inggih menika surat *Al-Furqan*.

2) *Unsur Flora/ Fauna*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan utawi kewan. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur flora/ fauna* inggih menika nama Sesinia Rendhi Laura.

a) Sesinia Rendhi Loura

Sesinia Rendhi Loura minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika *Sesbania Gradi Flora* utawi senia, rendy, saha laura. Adhedhasar kamus, tembung *Sesbania Gradi Flora* (Latin) : kembang turi (www.wikipedia.org). Senia (Yunani) : rembulan (Bruce Lansky, 2009: 186). Rendy : (German) : *selalu dilindungi*. Laura (Ing) : *pohon salam simbolis wangi, kehormatan dan kemenangan* (John M. Echols, 2005: 789). Dados adhedhasar kamus nama Sesinia Rendhi Loura tegesipun kembang turi/ rembulan ingkang kedah dipunjagi saha wangi kados wit salam. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Sesinia Rendhi Loura tegesipun wanita ingkang migunani saha endah kados kembang turi. Tegesing Sesinia Rendhi Loura adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Sesinia Rendhi Loura.

Nama Sesinia Rendhi Loura kalebet wonten *unsur flora/ fauna*. Nama menika kalebet *unsur flora/ fauna*, amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang endah, saha migunani kagem tiyang sanes kados kembang turi. Kembang turi asring dipunginakaken wonten ing dhaharan, amargi sae kagem kasarasan

3) *Unsur Wayang*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan lakon ing wayang. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* wayang inggih menika nama Titis Bayu Noto.

a) Titis Bayu Noto

Titis Bayu Noto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung titis, bayu, saha noto → nata. Adhedhasar kamus tembung Titis (Jw) : 1. tetes, tritis, 2. panjalma (Purwadarminto, 1939: 608). Bayu (S, kw) : angin (Purwadarminto, 1939: 25). Nata (Jw) : 1. ngrakit, masang, tata, 2. ratu (Purwadarminto, 1939: 339). Dados adhedhasar kamus nama Titis Bayu Noto tegesipun panjalma saking ratu angin. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Titis Bayu Noto tegesipun titisan ratu angin. Tegesing nama Titis Bayu Noto adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Titis Bayu Noto.

Nama Titis Bayu Noto kalebet wonten ing *unsur* wayang. Nama menika kalebet *unsur* wayang, amargi Bayu Nata wonten ing pewayangan inggih menika Bathara Bayu. Bathara Bayu gadhah sipat kiat, saha ngayomi utawi njagi alam donya.

4) *Unsur Entiti/ Pangajab*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur entiti* inggih menika nama Andhika Wicaksana, Bakti Pangastuti, Anggit Ubaya Adhi, saha Juang Jatmiko.

a) Andhika Wicaksana

Andhika Wicaksana minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung andika, saha wicaksana. Adhedhasar kamus tembung Andika (kw) : 1. pakon 2. sampeyan (Mardiwarsito, 1981: 45). Andika (Jw) : raja, pemimpin ingkang drajatipun inggil (KKBI, 2008: 61). Wicaksana (S) : awas, waskitha, bisa nganggo budine kalawan bener (Purwadarmino, 1939: 666). Dados adhedhasar kamus nama Andhika Wicaksana tegesipun pemimpin ingkang wicaksana. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Andhika Wicaksana tegesipun pemimpin ingkang wicaksana. Tegesing nama Andhika Wicaksana adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Andhika Wicaksana.

Nama Andhika Wicaksana kalebet wonten ing *unsur entiti*. Nama menika kalebet *unsur entiti* amargi ngemu pangajab dados pemimpin ingkang drajadipun inggil saha gadhah sipat wicaksana.

b) Bakti Pangastuti

Bakti Pangastuti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung bakti, saha pangastuti. Adhedhasar kamus tembung bakti (Jw) : pakurmatan (Purwadarmino, 1939: 39). Pangastuti (kw) : pamuji, pangabakti (Purwadarmino, 1939: 468). Dados nama Bakti Pangastuti tegesipun kurmat saha pangabakti. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Bakti Pangastuti tegesipun bakti saha sembah dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama

jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Bakti Pangastuti.

Nama Bakti Pangastuti kalebet *unsur entiti/* pangajab. Nama Bakti Pangastuti minangka pangajab dados tiyang ingkang tansah bakti dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah.

c) Anggit Ubaya Adi

Anggit Ubaya Adi minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung anggit, ubaya saha adi. Adhedhasar kamus tembung anggit (Jw) : duwe gagasan (Purwadarminto, 1939: 15). Ubaya (Jw) : janji, kasaguhan (Purwadarminto, 1939: 434). Adi (kw) : linuwih, becik (Purwadarminto, 1939: 2). Dados Anggit Ubaya Adi ‘pamikiran saha kasaguhan ingkang becik’. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Anggit Ubaya Adi tegesipun syarat anggitan ingakng sae. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah namaipun jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah namaipun mangertos tegesing nama Anggit Ubaya Adi.

Nama Anggit Ubaya Adi kalebet *unsur entiti/* pangajab. Nama menika minangka pangajab dados tiyang ingkang ingkang saguh saha gadhah pamikiran (wasis) ing bab ingkang sae, saengga saged migunani kagem tiyang sanes.

d) Juang Jatmiko

Juang Jatmiko minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung juang saha jatmiko → jatmika. Adhedhasar kamus tembung Juang (Ind) : ngupaya kathi satuhu (KBBI, 2008: 589). Jatmika (Jw) : tansah nganggo tata trapsila, kalakuan (Purwadarminto, 1939: 83). Dados adhedhasar kamus nama Juang Jatmiko tegesipun ngupaya kanthi

satuhu saha tansah nganggo tata trapsila. Adhedhasar ingakng gadhah nama, nama Juang Jatmiko tegesipun putra ingkang ngupaya kanthi satuhu, mumpuni saha wibawa. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Juang Jatmiko.

Nama Juang Jatmiko kalebet *unsur entiti/* pangajab. Nama menika minangka pangajab tiyang sepuh ngupaya supados putranipun saged sareng-sareng ngupaya dados tiyang mumpuni saha wibawa. Tiyang ingkang mumpuni inggih menika tiyang ingkang teteg ing agami, sae ing bebrayan, landhep ing nalar, saha awak ingkang saras.

5) *Unsur* Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* pepenget inggih menika nama Endra Wijaya saha Dewi Pangestu Said.

a) Endra Wijaya

Endra Wijaya minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung endra, saha wijaya. Adhedhasar kamus tembung Endra (S, kw) : ratu (Purwadarminto, 1939: 114). Wijaya (S, kw) : menang, kasekten, jaya (Purwadarminto, 1939: 662). Dados adhedhasar kamus nama Endra Wijaya tegesipun ratu ingkang jaya. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Endra Wijaya tegesipun Pemimpin ingkang saged agawe menang wonten bab menapa kemawon. Tegesing nama Endra Wijaya adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Endra Wijaya.

Nama Endra Wijaya kalebet wonten ing *unsur* pepenget. Nama menika kalebet *unsur* pepenget, amargi pepenget nama sanggar anggenipun tiyang sepuhi inggih menika Indera Jaya.

b) Dewi Pangestu Said

Dewi Pangestu Said minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung dewi, pangestu, saha said → sa'id. Adhedhasar kamus tembung dewi (kw) : bidadari (Purwadarmino, 1939: 66). Pangestu (Jw) : berkah, pandonga (Purwadarmino, 1939: 468). Sa'id (Ar) : bagya, bungah (Mahmud, 1989: 170). Dados Dewi Pangestu Said 'widadari ingkang dipunberkahi kabagyan'. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Dewi Pangestu Said tegesipun wanita ingkang dipunestuni dening simbah kakung Sa'id. Tegesing nama Dewi Pangestu Said adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika sami/jumbuh. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Dewi Pangestu Said.

Nama Dewi Pangestu Said kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking jinis kelamin estri saha nama simbah. Tembung dewi minangka pepenget lair putra estri. Tembung said minangka pepenget nama simbah kakungipun inggih menika simbah Sa'id.

b. Kalih Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking kalih unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur Agami + Alam*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha alam donya. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha alam inggih menika nama Nurul Huda saha Nur Chasanah.

a) Nurul Huda

Nurul Huda minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung *nurul* saha *huda*→ *hudan*. Adhedhasar kamus tembung *nurul* (Ar) : cahya (Mahmud, 1989: 473). *Hudan* (Ar) : pitedah (Mahmud, 1989: 480). Dados adhedhasar kamus nama Nurul Huda tegesipun cahya minangka pitedah saking Gusti Allah. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Nurul Huda tegesipun cahya pitedah saking Gusti Allah. Tegesing nama Nurul Huda adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Nurul Huda.

Nama Nurul Huda kalebet wonten *unsur* agami saha alam. Tembung *huda* minangka unsur agami ingkang ngemu teges sae, luhur saha suci inggih menika dados tiyang ingkang dipunparingi pitedah dening Gusti Allah. Tembung *nurul* minangka unsur alam saking dasanama tembung cahya. Tembung menika ugi pangajab dados tiyang ingkang saged sumunar kados cahya.

b) Nur Chasanah

Nur Chasanah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung *nur* saha *chasanah*→*ḥasanah*. Adhedhasar kamus Nur (Ar) : cahya, sorot (Purwadarminto, 1939: 349). *ḥasanah* (Ar) : tumindak ingkang sae (Mahmud, 1989: 103). Dados adhedhasar kamus

nama Nur Chasanah tegesipun sumunar saha tumindak ingkang sae. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Nur Chasanah tegesipun cahya ingkang becik. Tegesing nama Nur Chasanah adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Nur Chasanah.

Nama Nur Chasanah kalebet wonten *unsur* agami saha alam. Tembung nur minangka unsur alam ingkang sipatipun sumunar kados cahya. Tembung chasanah minangka unsur agami ingkang ngemu teges sae, suci saha luhur inggih menika tumindak ingkang sae ing dalaning Gusti Allah.

2) *Unsur Agami + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha pepenget inggih menika nama Fajar Istikhomah.

a) Fajar Istikhomah

Fajar Istikhomah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung fajar → *fajrun* saha istikhomah → *istaqāma*. Adhedhasar kamus tembung *fajrun* (Ar): fajar, sunar ing wekdal subuh (Mahmud, 1989: 308). *Istaqāma* (Ar) : *tegak lurus* (Mahmud, 1989: 40). Dados adhedhasar kamus nama Fajar Istikhomah tegesipun sunar ing wekdal subuh ingkang jejeg utawi *lurus*. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Fajar Istikhomah tegesipun putra ingkang teteg lair nalika fajar. Tegesing nama Fajar Istikhomah adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Fajar Istikhomah.

Nama Fajar Istikhomah kalebet wonten *unsur* agami saha pepenget. Tembung istikhomah minangka unsure agami ingkang ngemu teges sae, luhur saha suci inggih menika dados tiyang ingkang teteg saha eling ing dalaning Gusti Allah. Tembung fajar minangka pepenget wekdal lairipun inggih menika nalaika fajar utawi enjing.

3) *Unsur Alam + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, saha pepenget inggih menika nama Aditya Ryan Atma Ardany

a) Aditya Ryan Atma Ardany

Aditya Ryan Atma Ardany minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud sekawan tembung *monomorfemis* inggih menika tembung aditya, ryan, atma, saha ardani. Adhedhasar kamus tembung Aditya (S) : srengenge (Purwadarminto, 1939: 2). Ryan (Irlandia) : penguasa, pangeran (Bruce Lansky, 2009: 180). Atma (S) : nyawa, suksma, anak (Purwadarminto, 1939: 21). Ardany (Ind) : suci (<http://www.nama.web.id>). Dados adhedhasar kamus nama Aditya Rian Atma Ardany tegesipun panguasa sipatipun kados srengenge saha putra ingkang suci. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Aditya Rian Atma Ardany tegesipun putunipun simbah Ardany ingkang sipatipun kados srengenge. Tegesing nama Aditya Rian Atma Ardany adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Aditya Rian Atma Ardany.

Nama Aditya Rian Atma Ardany kalebet wonten ing *unsur* alam saha pepenget. Aditya minangka *unsur* alam ingkang sipatipun kados srengenge. Ardany minangka pepenget nama simbah

4) *Unsur Entiti* + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur entiti*, saha nomer inggih menika nama Bangun Arta Prima.

a) Bangun Arta Prima

Bangun Arta Prima minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika bangun, arta saha prima. Adhedhasar kamus tembung bangun (kw) : tangi, gumregah (Purwadarminto, 1939: 30). Arta (Jw) : dhuwit (Purwadarminto, 1939: 19). Prima (Ind) : pisanan, utama (KBBI, 2008: 1102). Dados adhedhasar kamus nama Bangun Arta Prima tegesipun putra pisanan gumregah golek arta ingkang sae. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Bangun Arta Prima tegesipun putra kapisan ingkang sugih. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Bangun Arta Prima kalebet *unsur entiti* saha *unsur* nomer. Bangun arta minangka pangajab dados tiyang ingkang sregep makarya saengga artanipun kathah. Tembung prima minangka tanda putra lair kapisan.

5) *Unsur Entiti* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot

tembung saking *unsur entiti*/ pangajab, saha pepenget inggih menika nama Ria Asmara Timur, Endah Pramita Sari, Yeniar Rahma, saha Joko Prayoga.

a) Ria Asmara Timur

Ria Asmara Timur minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika ria, asrama, saha timur. Adhedhasar kamus, tembung Ria (Ind) : bagya, suka ing manah (KBBI, 2008: 1173). Asmara (S, kw) : sengsem, sih tresna (Purwadarminto, 1939: 20). Timur (Jw) : enom, nomnoman, angin saka ing wetan (Purwodarminta, 1939: 606). Dados adhedhasar kamus nama Ria Asmara Timur tegesipun kabagyan saha katresnan ing timur. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Ria Asmara Timur tegesipun putra kapisan ingkang seneng, saha dipunlairaken kanthi tresna nalika bapak nyambut damel ing Timor-Timor. Tegesing Ria Asmara Timur adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ria Asmara Timur.

Nama Ria Asmara Timur kalebet wonten *unsur entiti*, saha pepenget. Nama menika kalebet *unsur entiti*, amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang bagya saha dipuntresnani. Tembung timur minangka pepenget nama papan bapakipun nyambut damel nalika lair inggih menika Timor-Timor.

b) Endah Pramita Sari

Endah Pramita Sari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika endah, pramita→ paramita, saha sari. Adhedhasar kamus, tembung Ria (Ind) : bagya, suka ing manah (KBBI, 2008: 1173). Asmara (S, kw) : sengsem, sih tresna (Purwadarminto, 1939: 20). Timur (Jw) : enom, nomnoman, angin saka ing wetan (Purwadarminta, 1939:

606). Endah (kw) : becik banget (Purwadarminto, 1939: 124). Paramita (S) : sampurna, *sifat ketuhanan* (Mardiwarsito, 1981: 404). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546) Dados adhedhasar kamus nama Endah Pramita Sari tegesipun patining kembang ingkang sampurna saha sae sanget. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Endah Pramita Sari tegesipun Intisari ingkang endah kados artis Pramita. Tegesing Endah Pramita Sari adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Endah Pramita Sari.

Nama Endah Pramita Sari kalebet wonten *unsur entiti*, saha pepenget. Nama menika kalebet *unsur entiti*, amargi ngemu pangajab dados wanita ingkang endah utawi pasuryanipun ayu. Tembung pramita minangka pepenget nama tiyang sanes inggih menika lakon ing film layar tancep ingkang sipatipun ayu, saha sae.

c) Yeniar Rahmah

Yeniar Rahmah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika yeniar→ Januari, saha rahma→ ramah. Adhedhasar kamus, tembung Januwari (W) : sasi kang kapisan (Purwadarminto, 1939: 80). Rahman (Ar) : welas asih (Purwadarminto, 1939: 517). Ramah (Ind) : *baik hati dan menarik budi bahasanya, manis tutur kata dan sikapnya, suka bergaul dan menyenangkan* (KBBI, 2008: 924). Dados adhedhasar kamus nama Yeniar Rahmah tegesipun Januari ingkang welas asih. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Yeniar Rahmah tegesipun putra lair ing wulan Januari ingkang welas asih. Tegesing Yeniar Rahmah adhedhasar ingkang gadhah nama

jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Yeniar Rahmah

Nama Yeniar Rahmah kalebet wonten *unsur entiti*, saha pepenget. Nama menika kalebet *unsur entiti*, inggih menika dados tiyang ingkang welas asih, grapyak saha sumeh. Tembung yeniar minangka pepenget lair ing wulan Januari.

d) Joko Prayoga

Joko Prayoga minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika joko, saha prayoga. Adhedhasar kamus tembung Joko (Jw) : jaka, bocah lanang sing durung rabi (Purwadarminto, 1939: 78). Prayoga (Jw) : becik utawa pantes (Purwadarminto, 1939: 509). Dados adhedhasar kamus nama Joko Prayoga tegesipun tiyang jaler ingkang sae/ pantes. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Joko Prayoga tegesipun tiyang jaler ingkang enom padamelanipun sae. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Joko Prayoga kalebet *unsur entiti* saha pepenget. Nama menika gadhah pangajab dados tiyang jaler ingkang padamelanipun sae. Tembung joko minangka pepenget lair putra jaler.

6) *Unsur flora/ fauna + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan utawi kewan saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur flora/ fauna* inggih menika nama Fania Wardah

a) Fania Wardah

Fania Wardah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud sekawan tembung *monomorfemis* inggih menika tembung fania→ estefania, saha wardah. Adhedhasar kamus, tembung Estefania (Spy) : wanita (www.nama.web.id). Wardah (Ar) : kembang mawar (Mahmud, 1989 : 496). Dados adhedhasar kamus nama Fania Wardah tegesipun wanita ingkang endah saha wangi kados kembang mawar. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Fania Wardah tegesipun wanita ingkang endah kados mawar. Tegesing Fania Wardah adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Fania Wardah.

Nama Fania Wardah kalebet wonten *unsur* alam, saha pepenget. tembung wardah minangka unsur alam ingkang sipatipun Tembung fania minangka pepenget lair putra estri.

7) *Unsur Ghaib + Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan bab ghaib, saha pangajab saking ingkang gadhah nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* ghaib, saha *entiti* inggih menika nama Wahyu Arum Wijayanti.

a) Wahyu Arum Wijayanti

Wahyu Arum Wijayanti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika wahyu, arum, saha wijayanti. Adhedhasar kamus, tembung Wahyu (Ar) : 1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib, 2 pulung nugrahaning Allah (Purwadarminto, 1939: 653). Arum (Jw) : wangi (Purwadarminto, 1939: 19). Wijayanti (S) 1. jaya/ menang, 2. wujud sa(n) jak / kakawin (Mardiarsito, 1978: 683). Dados adhedhasar kamus nama Wahyu Arum Wijayanti tegesipun wedharing Allah awujud wanita ingkang jaya

saha arum. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Wahyu Arum Wijayanti tegesipun anugrah ingkang arum kados kembang. Tegesing Wahyu Arum Wijayanti adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Wahyu Arum Wijayanti.

Nama Wahyu Arum Wijayanti kalebet wonten *unsur* ghaib, saha *entiti*. Nama menika kalebet *entiti*, amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang arum saha jaya/ bagya. Tembung wahyu minangka *unsur* ghaib ingkang dipunpitados jiwaniipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur.

b) Wahyu Aji

Wahyu Aji minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika wahyu, saha aji. Adhedhasar kamus tembung Wahyu (Ar) 1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib, 2 pulung nugrahaning Allah (Purwadarminto, 1939: 653). Aji (Jw) : rapal (donga) kang marakake bisa ngetokake kaluwihan (Purwadarminto, 1939: 3). Dados adhedhasar kamus nama Wahyu Aji tegesipun wedharaning Allah awujud kaluwihan. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Wahyu Aji tegesipun pitedah ingkang sae. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Wahyu Aji kalebet *unsur entiti* saha *unsur* nomer. Nama menika kalebet *entiti*, amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang kiat utawi gadhah kaluwihan. Tembung wahyu minangka *unsur* ghaib ingkang dipunpitados jiwaniipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur.

8) *Unsur* Nomer + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* nomer saha pepenget inggih menika nama Eka Siwi Prihatin saha Andika Satya Utama

a) Eka Siwi Prihatin

Eka Siwi Prihatin minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika eka, siwi, saha prihatin. Adhedhasar kamus, tembung Eka (S, kw) : setunggal (Purwadarminto, 1939: 114). Siwi (kw) : anak, bocah (Purwadarminto, 1939: 566). Prihatin (Jw) : susah utawa sedhih amarga ngrasakake kasekengane (Purwadarminto, 1939: 513). Dados adhedhasar kamus nama Eka Siwi Prihatin tegesipun putra kapisan ingkang prihatin. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Eka Siwi Prihatin tegesipun putra kapisan ingkang priatin, amargi nalika lair bapak gerah. Tegesing Eka Siwi Prihatin adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Eka Siwi Prihatin.

Nama Eka Siwi Prihatin kalebet wonten *unsur* nomer saha pepenget. Nama menika kalebet *unsur* nomer, amargi tembung eka minangka tandha putra kapisan. Nama menika pepenget nalika ingkang gadhah nama lair kawontenanipun bapak saweg gerah

b) Andhika Satya Utama

Andhika Satya Utama minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika andhika→ andika, satya saha utama. Adhedhasar kamus tembung andika (kw) : 1. pakon 2. kowe (Mardiarsito, 1981: 45). Andika (Jw) : raja, pemimpin ingkang drajatipun inggil (KKBI, 2008: 61). Satya (S, kw) : setya, temen, tuhu (Purwadarminto, 1939: 548). Utama : becik,

linuwih (Purwadarminto, 1939: 447). Dados adhedhasar kamus nama Andhika Satya Utama tegesipun pemimpin ingkang setya saha becik. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Andika Satya Utama tegesipun putra kapisan lair ing wulan Agustus nalika dinten Kamardikan Indonesia. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika kirang jumbuh. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Andhika Satya Utama kalebet wonten *unsur* nomer saha *unsur* pepenget. Tembung utama minangka tandha putra lair kapisan. Nama menika dipunparingi kancanipun ibu ingkang gadhah nama minangka pepenget wonten kekajengan kancanipun ibu lair putra jaler, nanging ingkang lair tiyang estri.

c. Tigang Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking tigang unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur* Agami + Wayang + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, lakon ing wayang, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, wayang, saha nomer inggih menika nama Shinta Dwi Fitri Astuti.

a) Shinta Dwi Fitri Astuti

Shinta Dwi Fitri Astuti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud sekawan tembung *monomorfemis* inggih menika tembung shinta→ sinta, dwi, fitri, saha astuti. Adhedhasar kamus tembung sinta : wuku kang kapisan (Purwadarminto, 1939: 564). Dwi (S, kw) : kalih, loro (Purwadarminto, 1939: 75). Fitri (Ar) : *berhubungan dengan fitrah (sifat asal)* (KBBI, 2008: 394). *Fitrah* :

asal kejadian, kesucian, agama yang benar (Mahmud, 1989: 319). Astuti (S) : puji, sembah (Purwadarminto, 1939: 21). Dados adhedhasar kamus nama Shinta Dwi Fitri Astuti tegesipun putri nomer kalih ingkang alus, suci saha setya kados Dewi Sinta sarta muji/nyembah marang Gusti. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Shinta Dwi Fitri Astuti tegesipun wanita ingkang setya minangka putra kapindho lair caket dinten riyaya Idul Fitri. Tegesing nama Shinta Dwi Fitri Astuti adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Shinta Dwi Fitri Astuti.

Nama Shinta Dwi Fitri Astuti kalebet wonten *unsur* agami, wayang saha nomer. Tembung shinta minangka unsur wayang saking nama lakon wayang ingkang gadhah sipat wanita ingkang setya. Tembung dwi minangka tandha putra ingkang lair urutan kaping kalih. Tembung fitri minangka unsure agami saking lair nalika caket dinten riyaya Idul Fitri.

2) *Unsur Agami + Entiti + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, pangajab saking ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, *entiti*, saha pepenget inggih menika nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma.

a) Muhammad Adhytia Artha Kusuma

Muhammad Adhytia Artha Kusuma minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud sekawan tembung *monomorfemis* inggih menika tembung Muhammad, adhytia→ aditya, artha, saha kusuma. Adhedhasar kamus tembung Muhhamad (Ar) : ingkang pinuji (Mahmud, 1989: 108). Aditya (S) : srengenge (Purwadarminto, 1939: 2). Artha (S) : ancas (Mardiwarsito, 1981: 77). Arta (Jw) :

dhuwit (Purwadarminto, 1939: 19). Kusuma (S, kw) : kembang, trah leluhur (Purwadarminto, 1939: 239). Dados adhedhasar kamus nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma tegesipun pinuji kados nabi Muhammad, sipatipun kados srengenge, saha ancasipun saged mekar/ sempulur. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma tegesipun tumindak kados nabi Muhammad ingkang sae, bagus saha rezekipun lancar. Tegesing nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma.

Nama Muhammad Adhytia Artha Kusuma kalebet wonten ing unsur agami, *entiti* saha pepenget. Tembung Muhammad minangka unsur agami saking nama salah satunggaling nama nabi inggih menika Nabi Muhammad S.A.W. Tembung adhytia minangka pepenget saking nama tiyang sanes ingkang pasuryanipun bagus, saha sipatipun sae. Tembung artha saha kusuma gadhah pangajab dados tiyang ingkang sugih utawi rezekipun saged sempulur utawi ngrembaka kados kembang, saengga saged mbiyantu kulawarga, saha tiyang sanes.

3) *Unsur Alam + Entiti + Nomer*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, pangajab ingkang paring nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur alam, entiti*, saha nomer inggih menika nama Heri Eko Prasetyo.

a) Heri Eko Prasetyo

Heri Eko Prasetyo minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung heri→ hari, eko→

eka, saha prasetyo → prasetya. Adhedhasar kamus tembung Hari (S) : 1. Singa, 2. Dewa Wisnu/matahari (Mardiwarsito, 1981: 212). Eka (S, Kw) : siji (Purwadarminto, 1939: 114). Prasetya (Jw) : saguh bakal setya tuhu (Purwadarminto, 1939: 511). Dados adhedhasar kamus nama Heri Eko Prasetyo tegesipun putra kapisan ingkang semangat kados srengenge saha saguh bakal setya tuhu. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Heri Eko Prasetyo tegesipun Putra kapisan ingkang bakal setya tuhu saha semangat. Tegesing nama Heri Eko Prasetyo adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Heri Eko Prasetyo.

Nama Heri Eko Prasetyo kalebet wonten ing *unsur* alam, *entiti* saha nomer. Nama menika kalebet *unsur* alam saha *entiti* amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang semangat kados srengenge, saha setya tuhu. Tembung eko minangka putra jaler ingkang lair kapisan.

4) *Unsur* Alam + *Entiti* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, pangajab saking ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, *entiti*, saha nomer inggih menika nama Warih Sri Martani.

a) Warih Sri Martani

Warih Sri Martani minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung warih, sri saha martani. Adhedhasar kamus, tembung warih (S, kw) : banyu (Purwadarminto, 1939: 656). Sri (S, kw) : 1. sorot, cahya 2. endah banget 3. kanggo sebutan ateges sing minulya 4. ratu, asri (Purwadarminto, 1939: 582). Martani (Jw) : warta, aweh kabar

(Purwadarminto, 1939: 297). Dados adhedhasar kamus nama Warih Sri Martani tegesipun ratu sipatipun kados banyu ingkang aweh warta. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Warih Sri Martani tegesipun Pemimpin sipatipun kados toya ingkang adil. Tegesing nama Warih Sri Martani adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Warih Sri Martani.

Nama Warih Sri Martani kalebet wonten *unsur* alam, *entiti*, saha pepenget. Nama menika kalebet unsur alam saha *entity*, amargi ngemu pangajab dados pemimpin ingkang adil saha sipatipun kados toya inggih menika adhap asor, saha adem. Nama menika ugi pepenget nalika ingkang gadhah nama lair bapakipun dados perangkat desa ingkang ngurusi bab toya.

5) *Unsur Alam + Flora/ fauna + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, tetuwuhan utawi kewan, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, *flora/ fauna*, saha pepenget inggih menika nama Putri Jati Nur Intan.

a) Putri Jati Nur Intan

Putri Jati Nur Intan minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud sekawan tembung *monomorfemis* inggih menika tembung putri, jati, nur, saha intan. Adhedhasar kamus, tembung Putri (Jw) :anaking ratu kang wadon, wadon (Purwadarminto, 1939: 505). Jati (S) : 1.nyata, tulen 2. wit Jati (Purwadarminto, 1939: 82). Nur (Ar) :cahya, sorot (Purwadarminto, 1939: 349). Intan (kw) :inten, intan (Mardiarsito, 1981: 238). Dados adhedhasar kamus nama Putri Jati Nur Intan tegesipun putri ingkang kiat kados wit jati, saha sumunar sarta endah kados

inten. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Putri Jati Nur Intan tegesipun wanita ingkang kiat kados wit jati saha sumunar kados Intan. Tegesing Putri Jati Nur Intan adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Putri Jati Nur Intan.

Nama Putri Jati Nur Intan kalebet wonten *unsur* alam, *flora/ fauna*, saha pepenget. Nama menika kalebet *unsur* alam, saha *flora/ fauna*, amargi ngemu pangajab dados tiyang ingkang kiat kados wit jati, sumunar, endah, saha wigati kados watu inten. Tembung putri minangka pepenget lair putra estri.

2. *Tembung Polimorfemis*

Tembung minangka nama *mahasiswa* wujudipun tembung *polimorfemis* utawi tembung ingkang sampun ngalami pandhapuking tembung. Saben nama wonten ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *polimorfemis*. Ing bab menika wosipun nama ingkang kadadosan saking tembung *polimorfemis*. Nama ing bab menika kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal *unsur* dhasaring paring nama. *Unsur* dhasaring paring nama wonten ing nama ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. **Setunggal Unsur Dhasaring Paring Nama**

Nama ingkang kadadosan saking setunggal unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur Agami*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami inggih menika nama Fachrudin, Imamudin Arrogribi, saha Ismi Kamilah.

a) Fachrudin

Fachrudin minangka nama tiyang jaler. Nama menika wujudipun setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika fachrudin→ (*faqr* + *dinun*) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung *faqr* (Ar) : *sendi tulang badan dan punggung* (Mahmud, 1989: 321). *Dinun* (Ar) : agami, *tunduk* (Mahmud, 1989: 133). Dados adhedhasar kamus nama Fachrudin tegesipun gayut utawi caket kaliyan agami. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Fachrudin tegesipun tiyang ingkang bekti dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah, migunani kagem bangsa sarta mulya. Gayutanipun antawis adhedhasar kamus kaliyan adhedhasar ingkang paring nama inggih menika supados caket kaliyan agami dipuntindakaken kanthi cara bekti dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah, saha dados tiyang ingkang migunani supados mulya ing donya saha akhirat. Tegesing nama Fachrudin adhedhasar kamus jumbuh kaliyan adhedhasar ingkang gadhah nama. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Fachrudin.

Nama Fachrudin kalebet wonten ing *unsur* agami sumberipun saking jinis ngemot bab ingkang sae, luhur saha suci. Nama menika saking basa Arab ingkang tegesipun sae, luhur saha suci inggih menika dados tiyang ingkang raket kaliyan agami ingakng dipuntindakaken ngibadah kanthi satuhu, bekti dhumateng tiyang sepuh, saha Gusti Allah, sarta migunani tumbrap bebrayan supados bagya donya saha akhirat.

b) Imammudin Arrogribi

Imammudin Arrogribi minangka nama tiyang jaler. Nama menika wujudipun setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika imammudin→ (*imam*

+ *dinun*) ingkang ngalami *pemajemukan*, saha *arrogribi* → (*Ar* + *rogribun* + {-i}) ingkang ngalami *konfiksasi* saking *prefiksasi* saha *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Imam (Ar) : pemimpin, pangareping wong sembahyang (Purwadarminto, 1939: 170). *Dinun* (Ar) : agami, *tunduk* (Mahmud, 1989: 133). *Ragibun* (Ar) : gadhah kekarepan, *yang berkehendak* (Mahmud, 1989: 144). Dados adhedhasar kamus nama Imammudin Arrogribi tegesipun pemimpin agami ingkang gadhah pepenginan. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Imammudin Arrogribi tegesipun pemimpin agama ingkang dipuntresnani. Gayutanipun antawis adhedhasar kamus kaliyan adhedhasar ingkang gadhah nama inggih menika pemimpin ingkang gadhah kekajengan ingakng sae, saengga dipuntresnani tiyang kathah saha Gusti Allah. Tegesing nama Imammudin Arrogribi adhedhasar kamus jumbuh kaliyan adhedhasar ingkang gadhah nama. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Imammudin Arrogribi.

Nama Imammudin Arrogribi kalebet wonten ing *unsur* agami sumberipun saking jinis ngemot bab ingkang sae, luhur saha suci. Nama menika gadhah pangajab dados pemimpin ing bab agami ingkang gadhah kekajengan ingkang sae, saengga dipuntresnani tiyang kathah saha Gusti Allah.

c) Ismi Kamilah

Ismi Kamilah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud kalih tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ismi → (*Ism* + {-i}), saha Kamilah → (*Kamil* + {-ah}), ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung *Ism* (Ar) : nama (Mahmud, 1989: 180). *Kamila* (Ar) : sampurna (Mahmud, 1989: 383). Dados adhedhasar kamus nama Ismi Kamilah tegesipun nama ingkang sampurna. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Ismi Kamilah

tegesipun nama ingkang sampurna. Tegesing nama Ismi Kamilah Azizah Rahman adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ismi Kamilah.

Nama Ismi Kamilah kalebet wonten *unsur* agami sumberipun saking ngemot bab ingkang sae, luhur saha suci. Nama menika minangka pangajab ingkang gadhah nama dados *insan kamil* utawi manungsa ingkang sipatipun sampurna.

2) *Unsur* Alam

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya.. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam inggih menika nama Ardiani, saha Hermanto.

a) Ardiani

Ardiani minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika ardiani→ (ardi + {-ani}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung ardi (kw) : gunung (Purwadarminto, 1939:18). *Morfem* {-ani} mliginipun dipunginakaken minangka tandha tiyang estri. Dados adhedhasar kamus nama Ardiani tegesipun wanita ingkang sipatipun kados gunung. Adhedhasar ingkang gadhah nama Ardiani tegesipun wanita sipatipun kados gunung. Tegesing nama Ardiani adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ardiani.

Nama ardiani kalebet wonten ing *unsur* alam inggih menika gunung. Gunung gadhah sipat inggih menika ageng, saha kiat.

b) Hermanto

Hermanto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika tembung hermanto→ (her + {-manto}) ingkang ngalami sufiksasi. Adhedhasar kamus tembung her (kw) : banyu (Purwadarminto, 1939: 166). {-manto} wonten ing nama mliginipun dipunginakaken kagem tandha tiyang jaler. Dados adhedhasar kamus nama Hermanto tegesipun tiyang jaler ingkang sipatipun kados banyu utawi toyanipun tiyang jaler. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Hermanto tegesipun tiyang jaler saking Jawi ingkang sipatipun kados toya. Tegesing nama Hermanto adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Hermanto.

Nama Hermanto kalebet wonten ing *unsur* alam sumbering saking pangajab sipatipun kados toya. Nama menika minangka pangajab supados dados tiyang jaler sipatipun kados toya inggih menika menawi wonten ing pundi kemawon saged paring panguripan dhumateng kulawarga saha tiyang sanes.

3) *Unsur Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur entiti* inggih menika nama Rizki Kurniawan

a) Rizki Kurniawan

Rizki Kurniawan Rizki Kurniawan minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud kalih tembung *polimorfemis* inggih menika rizki→ (rizkun + {-i}) saha kurniawan→ (karunia + {-wan}) ingakng ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung rizkun (Ar) : rezeki (Mahmud, 1989: 140). Karunia (S, kw) :

welas,sih, kawelasan, ganjaran (Purwadarminto, 1939:190). {-wan} : tandha nama jaler. Dados nama Rizki Kurniawan tegesipun tiyang jaler ingkang kawelasan rezeki. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Rizki Kurniawan tegesipun tiyang jaler ingkang kawelasan rezeki. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Rizki Kurniawan.

Nama Rizki Kurniawan kalebet *unsur entiti/* pangajab. Nama menika minangka pangajab dados tiyang ingkang tansah kawelasan rezeki saengga ing panggesangan saged mulya saha migunani kagem tiyang sanes.

4) *Unsur* Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* pepenget inggih menika nama Endri Kurniawati, Sumaryoto, Supardyan saha Andrerini Maryatmi.

a) Endri Kurniawati

Endri Kurniawati Endri Kurniawati minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud kalih tembung *polimorfemis* inggih menika endri→ (edi + winarni) ingkang ngalami *pengakroniman*, saha kurniawati→ (karunia + {-wati}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung karunia (S, kw) : kawelasan, ganjaran (Purwadarminto, 1939: 190). {-wati} : tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Endri Kurniawati tegesipun Endri kawelasan putra estri. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Endri Kurniawati tegesipun bapak Edi saha ibu Winarni ingkang kawelasan putra estri. Tegesing nama Endri Kurniawati adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Endri Kurniawati. Nama Endri

Kurniawati kalebet wonten ing *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking cekakan nama tiyang sepuh. Tembung Endri minangka cekakan saking nama bapak Edi saha ibu Winarni (endri = edi + winarni).

b) Sumaryoto

Sumaryoto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika tembung sumaryoto → (su + nasal /m/ + arya + {-to}) ingkang ngalami *kombinasi* saking *pemajemukan* saha *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung su (S) : 1. sanget 2. sae (Mardiwarsito, 1981: 540). Arya (S) : sesebutaning para luhur, sebutan pakurmatan marang bupati manca-nagara (Purwadarminto, 1939: 19). {-to} : tandha tiyang jaler. Dados adhedhasar kamus nama Sumaryoto tegesipun tiyang jaler ingkang luhur sanget utawi sae saha dipunkurmati. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Sumaryoto tegesipun tiyang jaler ingkang sae saking bapak Sumarmo, saha putunipun simbah Pokaryo sarta simbah Nata Suwarna. Adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Sumaryoto kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking cekakan nama bapak saha simbah inggih menika bapak Sumarman, bapakipun saking ibu (Simbah Pokaryo) saha bapakipun saking bapak (Nata Suwarna).

c) Supardyan

Supardyan minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika tembung supardyan → (sapar + dyan) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Sapar (A) : sasi Arab kang kapindo (Purwadarminto, 1939: 545). Dyan (kw) : nuli, banjur

(Purwadarminto, 1939: 75). Dyan (kw) : raden, lajeng, enggal, awit (C.F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 53). Dados adhedhasar kamus nama Supardyan tegesipun putra enggal utawi wiwitan ingkang lair ing wulan Sapar. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama, Supardyan tegesipun putra lair ing wulan sapar. Adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Supardyan kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking wekdal lair. Nama menika minangka pepenget lair ing wulan Jawi inggih menika wulan sapar.

d) Andrerini Maryatmi

Andrerini Maryatmi minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *polimorfemis* inggih menika tembung andrerini (andre + rini), saha tembung maryatmi (mar + /y/ + atmi). Adhedhasar kamus tembung andre (Prc) : kiat, gagah, kendel (Bruce Lansky, 2009: 11). Rini : bocah wadon (Purwadarminto, 1939: 530). Mar (kw) : gumeter, miber, arum, sedhih (C. F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 135). Atmi : nyawa, sukma, anak (Purwadarminto, 1939: 21). Dados adhedhasar kamus nama Andrerini Maryatmi tegesipun wanita ingkang arum, kendel saha kiat. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Andrerini Maryatmi tegesipun putra estri saking ibu Marsiyah. Tegesing nama Andrerini Maryatmi adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama Andrerini Maryatmi.

Nama Andrerini Maryatmi kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking kawontenan saha nama trah. Tembung andrerini minangka kekajengan

saking bapakipun ingkang gadhah nama supados lair putra jaler, nanging ingkang lair inggih menika putra estri. Tembung maryatmi minangka nama trah saking kulawarga Marsandi.

b. Kalih Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking kalil unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Unsur Agami + Entiti

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha entiti inggih menika nama Anis Wibawanti.

a) Anis Wibawanti

Anis Wibawanti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *polimorfemis* inggih menika tembung anis (*an-nisa*) ingkang ngalami *prefiksasi*, saha wibawanti (wibawa + {-anti}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung nisa (Ar) : estri, wanita (Mahmud, 1989: 449) (Surat An-Nisa). Wibawa (Jw) : kaluhuran, kamulyan, kasekten, kuwasa (Purwadarminto, 1939: 662). {-anti} : tandha estri, anti (Ar) : kamu perempuan (Mahmud, 1989: 50). Dados dhedhasar kamus nama Anis Wibawanti tegesipun wanita ingkang wibawa. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Anis Wibawanti tegesipun wanita ingkang gadhah wibawa. Tegesing nama Anis Wibawanti adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Anis Wibawanti kalebet menika *unsur* agami saha *unsur entiti*. Tembung anis mendhet saking salah satunggaling nama surat ing *Al-Quran*

inggih menika surat *An-Nisa*. Nama gadhah pangajab inggih menika dados wanita ingkang gadhah wibawa.

2) *Unsur Nomer + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* nomer saha pepenget inggih menika nama Harini.

a) Harini

Harini minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *polimorfemis* inggih menika tembung harini ({ha-} + rini) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung rini : 1. bribil (setengah sen), 2. (kw). bocah wadon (Purwadarminto, 1939: 530). Harini (kw) : wastaning widadari (C.F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 58) Dados nama Harini tegesipun wanita pambuka. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama wanita lair kapisan ingkang wigatos/ *berharga*. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Harini kalebet wonten *unsur* nomer saha *unsur* pepenget. Aksara /Ha/ minangka aksara pambuka kagem tandha putra ingkang lair kapisan. Tembung Rini minangka pepenget lair putra estri.

3) *Unsur Agami + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha pepenget inggih menika nama Anis Wibawanti.

a) Anis Arviani

Anis Arviani minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *polimorfemis* inggih menika tembung anis (*an-nisa*) ingkang ngalami *prefiksasi*, saha wibawanti (wibawa + {-anti}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Nisa (Ar) : estri, wanita (Mahmud, 1989: 449) (Surat An nisa). A'raf : papan ingkang inggil piyambak (Surat Al A'raf). {-ani} : tandha estri. Dados dhedhasar kamus nama Anis Arviani tegesipun wanita ing papan ingkang inggil piyambak. Adhedhasar ingkang gadhah nama, Anis Arviani tegesipun wanita putranipun bapak Yanto saha putunipun simbah Iskak wonten ing papan inggil piyambak. Tegesing nama Anis Arviani adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Anis Arviani kalebet menika *unsur* agami saha *unsur* pepenget. Nama menika mendhet surat ing *Al-Quran* inggih menika surat *An-Nisa*, saha *Al A'raf*. Tembung anis minangka pepenget nama bapak saha simbah inggih menika Yanto saha Iskak.

4) *Unsur* Agami + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, nomer, saha pepenget inggih menika nama Fisna Aziza Rahma

a) Fisna Aziza Rahma

Fisna Aziza Rahma minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tigang tembung *polimorfemis* inggih menika Fisna ([f] + isnaini) ingkang ngalami

prefiksasi, Aziza (aziz + {-a}) ingkang ngalami *sufiksasi*, Rahma (rahman) ingkang ngalami *pemenggalan*. Adhedhasar kamus tembung Isnani (Ar) : loro (Mahmud, 1989: 34). Aziz (Ar) : perkasa, mulia, kekasih, berharga (Mahmud, 1989: 264). Rahman (Ar) : ambek welas asih (sipat Allah) (Purwadarminto, 1939: 517). Dados adhedhasar kamus nama Fisna Aziza Rahma tegesipun putra kapindho ingkang perkasa saha welas asih. Adhedhasar ingkang gadhah nama inggih menika putra kapindho ingkang luhur saha welas asih. Tegesing nama Fisna Aziza Rahma adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Fisna Aziza Rahma.

Nama Fisna Aziza Rahma kalebet wonten ing *unsur* agami, nomer, saha pepenget. Tembung fisna minangka tandha putra lair urutan kaping kalih. Aziza rahma minangka *Asmaul Husna* inggih menika *Al Aziz (Maha Perkasa)* saha *Al Rahman (Maha Pengasih)*

c. Tigang Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking tigang unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur* Agami + *Entiti* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, pangajab saking ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, *entiti*, saha pepenget inggih menika nama Chory Apriadikari.

a) Chory Apriadikari

Chory Apriadikari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *polimorfemis* inggih menika tembung Chory (Qaroa + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi* saha tembung Apriadikari (April + Dikari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Qaroa (Ar) : maos kitab (Mahmud, 1989: 330), {-i} : tandha estri. April (W) : wulan ingkang kapapat (Purwadarminto, 1939: 18). Dikari (Ind) : *berdiri di kaki sendiri*. Dados adhedhasar kamus nama Chory Apriadikari tegesipun wanita lair ing wulan April ingkang saged maos *Al-Quran* saha *berdikari*. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Chory Apriadikari tegesipun wanita lair ing wulan April ingkang saged maos *Al-Quran* saha *berdikari*. Tegesing nama Chory Apriadikari adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Chory Apriadikari kalebet *unsur* agami, *entiti* saha pepenget. Tembung chory minangka unsur agami ingkang ngemu teges sae, suci saha luhur inggih menika pangajab saged maos *Al-Quran*. Tembung Apridikari minangka pepenget lair ing wulan April saha pangajab putra ingkang saged *berdikari*.

3. Tembung Monomorfemis saha Polimorfemis

Tembung minangka nama *mahasiswa* wujudipun tembung *monomorfemis* saha *polimorfemis*. Saben nama wonten ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *monomorfemis* saha *polimorfemis*. Ing bab menika wosipun nama ingkang kadadosan saking tembung *monomorfemis* saha *polimorfemis*. Nama ing bab menika kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal *unsur* dhasaring paring nama. *Unsur* dhasaring paring nama wonten ing

nama ingkang kadadosan saking setunggal utawi langkung setunggal tembung *monomorfemis* saha *polimorfemis* inggih menika dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Setunggal Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking setunggal unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Unsur Agami

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami inggih menika nama Vina Inayatul Mauna.

a) Vina Inayatul Mauna

Vina Inayatul Mauna minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung Vina, Inayat, sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung Mauna (al- Ma'una) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Vina (Spy) : wanita, kebun anggur (Milagros Guindel, 2001: 744). Vina (Ar) : *halaman, pekarangan rumah* (Mahmud, 1989: 324). Inayat (Ar) : pitulungan, pemeliharaan saking Tuhan (KBBI, 2008: 530). Ma'un : barang ingkang migunani (Surat Al Ma'un). Dados adhedhasar kamus nama Vina Inayatul Mauna tegesipun putra estri ingkang pikantuk pitulungan saking Allah ingkang saged migunani. Adhedhasar ingkang gadhah nama Vina Inayatul Mauna tegesipun putra kapisan ingkang lair amargi pitulungan saking Gusti Allah. Tegesing nama Vina Inayatul Mauna adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Vina Inayatul Mauna.

Nama Vina Inayatul Mauna kalebet *unsur* agami. Nama menika ngemu teges ingkang luhur, suci saha sae inggih menika pangajab tansah pikantuk pitulungan dening Gusti Allah S.W.T saha dados tiang ingkang migunani.

2) *Unsur* Alam

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya.. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam inggih menika nama Intan Purnamasari.

a) Intan Purnamasari

Intan Purnamasari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung intan, saha tembung *polimorfemis* inggih menika purnamasari (purnama + sari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung intan (kw) inten (Mardiarsito, 1981: 238). Purnama (S) : rembulan wutuh (Purwadarminto, 1939: 504). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546). Dados adhedhasar kamus nama Intan Purnamasari tegesipun intan ingkang endah kados rembulan ingkang wentah'. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Intan Purnamasari tegesipun putri ingkang endah saha wigatos kados intan saha purnama. Tegesing nama Intan Purnamasari adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Intan Purnamasari.

Nama Intan Purnamasari kalebet wonten *unsur* alam ingkang sumberipun saking sipat kados watu permata saha langit. Tembung intan minangka salah satunggaling watu permata ingkang diginakaken kangge rerenggan amargi gadhah

sipat endah saha wigatos/ *berharga*. Purnama minangka salah satunggaling samubarang ing langit ingkang sipatipun endah saha sampurna.

a) *Unsur Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur entiti* inggih menika nama Ryco Vendy Amenity, Rahmad Fauzi saha Melin Indah Lestari.

a) Ryco Vendy Amenity

Ryco Vendy Amenity Ryco Vendy Amenity minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tigang tembung *monomorfemis* inggih menika tembung riko, vendy→ affendy saha amenity. Adhedhasar kamus tembung riko (Spy) : sugih, gadhah artat (Milagros Guindel, 2001: 627). Affendi (Ar) : gelar kagem tiyang ingkang drajatipun inggil (www.nama.web.id). Amenity (Ing) : ramah tamah (John M. Echols, 2005: 26). Dados nama Ryco Vendy Amenity tegesipun panguwasa ingkang sugih saha ramah/sabar. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Ryco Vendy Amenity tegesipun ing panggesangan kedah kiat saha sabar kangge nggayuh impen. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ryco Vendy Amenity.

Nama Ryco Vendy Amenity kalebet *unsur entiti*/ pangajab. Nama menika minangka pangajab dados tiyang ingkang tansah kiat utawi sabar ing panggesangan.

b) Rahmad Fauzi

Rahmad Fauzi minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud setunggal tembung *monomorfemis* ‘rahmad’ saha setunggal tembung *polimorfemis* inggih menika tembung fausi (fauzan + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung rahmat (Ar) : sih, kawelasan (Purwadarminto, 1939: 517). Fauzan (Ar) : menang, jaya, beja (Mahmud, 1989: 325). Dados adhedhasar kamus nama Rahmad Fauzi tegesipun kawelasan kamenangan utawi kabejan. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Rahmad Fauzi tegesipun anugerah putra ingkang beja. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Rahmad Fauzi kalebet *unsur entiti/ pangajab*. Nama menika minangka pangajab dados tiyang ingkang beja.

c) Melin Indah Lestari

Melin Indah Lestari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud kalih tembung *monomorfemis* inggih menika tembung indah, lestari saha tembung *polimorfemis* melin → (Manut + Eling) ingkang ngalami pemajemukan. Adhedhasar kamus tembung Melin: -. Meilin (China) : indah saha anggun (www.nama.web.id). Indah (Ind) : ayu, kepenak dipunsawang (KBBI, 2008: 531). Lestari (Jw) : ajeg ora owah isih kaya mau-maune, terus bae (Purwadarminto, 1939: 272). Dados nama Melin Indah Lestari tegesipun Melin ingkang ayu saha ajeg. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Melin Indah Lestari tegesipun wanita ingkang manut, eling, endah saha langgeng. Tegesing nama menika

adhedhasar ingkang gadhah namaipun jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah namaipun mangertos tegesing nama Melin Indah Lestari.

Nama Melin Indah Lestari kalebet *unsur entiti/ pangajab*. Nama menika gadhah pangajab dados wanita ingkang endah saha langgeng. Tembung melin cekakan saking tembung manut lan alit, minangka pangajab namanipun namung setunggal saha boten wonten ingkang ngembari, saengga tembung menika dipunpadosi wonten kamus boten wonten.

b) *Unsur Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* pepenget inggih menika nama Rinda Putri Meilantika, Lupita Ariantika Sari, Hana Kurniati, Nanang Kristianto, saha Melisa Yulianggara.

a) Rinda Putri Meilantika

Rinda Putri Meilantika minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika tembung rinda, saha putri, sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung meilantika (mei + lan + tika) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Rinda (Jpn) : samodra (www.nama.web.id). Putri (Jw) : anaking ratu kang wadon, wadon (Purwadarminto, 1939: 505). Mei (Ind) : wulan kaping 5 tarik masehi (KBBI, 2008: 894). Tika (S) : tulisan, laying, karangan (Purwadarminto, 1939: 650). Dados adhedhasar kamus nama Rinda Putri Meilantika tegesipun putri lair ing wulan mei ingkang saged nyerat saha sipatipun kados samodra. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Rinda Putri Meilantika tegesipun wanita lair ing wulan Mei saking trah Kromotika ingkang namanipun Rinda. Tegesing nama

Rinda Putri Meilantika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama Rinda Putri Meilantika.

Nama Rinda Putri Meilantika kalebet *unsur* pepenget saking sumber wekdal lair, estri, saha nama trah. Tembung rinda minangka nama kulawarga inggih menika saben putra ing kulawarganipun wonten aksara /r/, /n/ saha /d/, kados ta kakangipun namanipun rendi. Tembung putri minangka pepenget lair putra estri. Tembung meilantika minangka wulan lairipun inggih menika wulan Mei saha nama trah kulawarga Kromotiko, saengga ing pungkasan pikantuk panambang {-tika}.

b) Lupita Ariantika Sari

Lupita Ariantika Sari minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika tembung lupita, sari, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ariantika (ari + yanti + tika) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Lupita (Spy) : *guadalupe*/ lupita wastaning perawan maria, sungai, batu hitam (Bruce Lansky, 2009 : 73). Arya (Jw) : sesebutan para leluhur (Purwadarminto, 1939: 19). Arya (kw) : adhi, ageng, raja (C. F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 13). Tika (S) : tulisan, laying, karangan (Purwadarminto, 1939: 650). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546). Dados adhedhasar kamus nama Lupita Ariantika Sari tegesipun wanita seratanipun luhur saha endah. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Lupita Ariantika Sari tegesipun wanita ingkang lair dipunbiyantu dening Ari, Yanti, Tika dan Sari. Tegesing nama Lupita Ariantika Sari adhedhasar ingkang gadhah nama kirang

jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama Lupita Ariantika Sari.

Nama Lupita Ariantika Sari kalebet *unsur* pepenget saking sumber pepenget nama tiyang sanes. Tembung lupita minangka nama artis telenovela manca nagari. Tembung ariantika sari minangka pepenget nama tiyang ingkang mbiyantu ibunipun nalika badhe mbabar inggih menika Aria, Yanti, Tika, saha Sari.

c) Hana Kurniati

Hana Kurniati minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika tembung hana, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung kurniati (karunia + ati) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Ana (Jw) : wonten (Purwadarminto,1939:10), hana (Jpn) : kembang , kabagyan (Ar) (Bruce Lansky, 2009:75). Karunia (S, kw) : kawelasan, ganjaran (Purwadarminto, 1939: 190). Ati (Jw) : manah, telenging rasa kabatinan manungsa (Purwadarminto,1939: 21). Dados adhedhasar kamus nama Hana Kurniati tegesipun kawelasan putra estri ing manah kados kembang. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Hana Kurniati tegesipun Wonten karunia ing manah ingkang ayu kados penyanyi ‘Hana Pratiwi’. Tegesing nama Hana Kurniati adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Hana Kurniati.

Nama hana Kurniati kalebet wonten ing *unsur* pepenget inggih menika pepenget nama penyanyi Hana Pratiwi.

d) Nanang Kristianto

Nanang Kristianto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung nanang saking tembung lanang, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung kristian + {-to}. Adhedhasar kamus tembung lanang (Jw) : jaler, kakung (Purwadarminto, 1939: 259). Kristiani (Ind): asipat Kristen, agami saking Nabi Isa (KBBI, 2008: 742), {-to}: tandha jaler. Dados adhedhasar kamus nama Nanang Kristianto tegesipun tiyang jaler ingkang agaminipun Kristen. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Nanang Kristianto tegesipun lair tiyang jaler ingkang sae. Tegesing nama Nanang Kristianto adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika kirang jumbuh. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama Nanang Kristianto.

Nama Nanang Kristianto kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking jinis *kelamin* jaler saha kawruh tiyang sepuh. Tembung nanang minangka jinis kelaminipun jaler. Tembung kristianto minangka tembung ingkang dipunraos endah saha ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesipun tembung. Kalarumiyin namanipun Nanang Krisdianto amargi dipunraos kirang endah lajeng dipungantos Nanang Kristianto. Menawi dipuntingali saking agaminipun ingkang gadhah nama inggih menika islam. Tembung kristianto kirang trep, amargi saged damel tafsir ingkang beda.

e) Melisa Yulianggara

Melisa Yulianggara minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung melisa saha tembung *polimorfemis* inggih menika yulianggara (yuli + anggara) ingkang ngalami

pemajemukan. Adhedhasar kamus tembung melisa (Spy) : *manis, halus, lemah lembut, merdu* (Milagros Guindel, 2001: 467). Yuli (W) : wulan kaping pitu (Purwadarminto, 1939: 95). Anggara (Jw) : selasa (Purwadarminto, 1939: 14). Dados adhedhasar kamus nama Melisa Yulianggara tegesipun putra lair ing dinten selasa saha wulan Juli ingkang sipatipun alus/ manis. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Melisa Yulianggara tegesipun wanita ingkang lair dinten selasa ing wulan Juli. Tegesing nama Melisa Yulianggara adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Melisa Yulianggara.

Nama Melisa Yulianggara kalebet *unsur* pepenget ingkang sumberipun saking nama tiyang sanes saha wekdal lair. Tembung melisa minangka nama tiyang manca ingkang pasuryanipun ayu. Tembung yulianggara minangka pepenget wulan lair saha dinten lair ingkang gadhah nama inggih menika wulan Juni sarta dinten selasa.

b. Kalih Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking kalih unsur dhsaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur* Agami + Alam

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha alam donya. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha alam inggih menika nama Annas Nurul Fadhillah.

a) Annas Nurul Fadhillah

Annas Nurul Fadhillah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung nurul saha fadhillah, sarta

tembung *polimorfemis* inggih menika tembung annas (an- nas) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung nasun (Ar) : manusia (Mahmud, 1989 : 436) (Surat An nas). Nurul (Ar) : cahya (Mahmud, 1989: 473). Fadhilah (Ar) : ingkang utama, ingkang linuwih, luhur (Mahmud, 1989: 319). Dados adhedhasar kamus nama Annas Nurul Fadhilah tegesipun manungsa minangka cahya ingkang utama. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Annas Nurul Fadhilah tegesipun manungsa ingkang migunani kados cahya ingkang sumunar ing panggesangan. Tegesing nama Annas Nurul Fadhilah adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Annas Nurul Fadhilah.

Nama Annas Nurul Fadhilah kalebet *unsur* agami saha alam. Tembung annas minangka nama surat ing kitab *Al-Quran* inggih menika surat *An-Nas*. Tembung nurul minangka dasanama saking tembung cahya ingkang ngemu pangajab dados tiyang ingkang sumunar kados sipatipun cahya.

2) *Unsur Agami + Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, saha pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, saha *entiti* inggih menika nama Ahmad Fauzi Rahman.

a) Ahmad Fauzi Rahman

Ahmad Fauzi Rahman minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung ahmad saha rahman, sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung fauzi (fauzan + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Ahḡmad (Ar) : Ahḡmad /muahmmad

(Ar) : ingkang pinuji (Mahmud, 1989: 108)., Fauzan (Ar) : menang, jaya, beja (Mahmud, 1989: 325). Rahman (Ar) : welas asih (Purwadarminto, 1939: 517) *Ar Rahman (Asmaul Husna) : Maha Pengasih*. Dados nama Ahmad Fauzi Rahman tegesipun pinuji, menang/jaya saha welas asih. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Ahmad Fauzi Rahman tegesipun putra ingkang pinuji, jaya/menah saha welas asih. Tegesing nama Ahmad Fauzi Rahman adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ahmad Fauzi Rahman.

Nama Ahmad Fauzi Rahman kalebet *unsur* agami saha *unsur entiti*. Tembung Ahmad minangka nama sanes Nabi Muhammad. Tembung Fauzi minangka pangajab dados tiyang ingkang jaya utawi bagya. Tembung Rahman minangka salah satunggaling *Asmaul Husna* inggih menika *Ar Rahman (Maha Pengasih)*.

3) *Unsur* Agami + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, saha nomer inggih menika nama Riyani Tri Indryastuti, saha Akhmad Fatkhul Amin.

a) Riyani Tri Indryastuti

Riyani Tri Indryastuti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung tri, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung riyani (riyayan + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi* sarta indryastuti (Indriya + Astuti) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Riyayan (Jw) : slametan riyaya (Purwadarminto, 1939: 529). {-i} :

tandha estri. Tri (S, kw) : telu (Purwadarminto, 1939: 21). Indriya (S) : ati, karep (Purwadarminto, 1939: 171). Astuti (S) : muji, nyembah (Purwadarminto, 1939: 21). Dados adhedhasar kamus nama Riyani Tri Indryastuti tegesipun putri lair ing mangsa lebaran minangka putra nomer tiga ingkang manahipun nyembah marang Gusti Allah. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Riyani Tri Indryastuti tegesipun Putra katelu gadhah indra ingkang landhep lair ing dinten riyaya Idul Fitri. Tegesing nama Riyani Tri Indryastuti adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Riyani Tri Indryastuti.

Nama Riyani Tri Indryastuti kalebet *unsur* agami saha alam. Tembung riyani minangka tandha rasukanipun Islam ingkang lair caket dinten riyaya Idul Fitri. Tembung tri minangka tandha putra ingkang lair urutan kaping tiga.

b) Akhmad Fatkhul Amin

Akhmad Fatkhul Amin minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika Aḥmad saha Faṭḥun, sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung amin (al- amin) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung aḥmad/ muhammad (Ar) : pinuji. (Mahmud, 1989: 108). Faṭḥun (Ar) : pambuka, kemenangan, jaya (Mahmud, 1989: 306). Amīnun : ingkang lurus, jujur (Mahmud, 1989: 49), gelar Nabi Muhammad (Al Amin). Dados adhedhasar kamus Akhmad Fatkhul Amin tegesipun pambuka sipatipun jujur saha pinuji kados nabi Muhammad. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Akhmad Fatkhul Amin tegesipun tiyang jaler ingkang saged dipunpitados kados nabi Muhammad S.A.W. Tegesing nama Akhmad Fatkhul Amin adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan

adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Akhmad Fatkhul Amin.

Nama Akhmad Fatkhul Amin kalebet *unsur* agami saha *unsur* nomer. Tembung akhmad minangka nama sanes nabi Muhammad. Tembung amin minangka gelaripun nabi Muhammad inggih menika *Al-Amin* (saged dipunpitados). Tembung fatkhul minangka putra pambuka utawi kapisan.

4) *Unsur* Agami + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami saha pepenget inggih menika nama Monica Valent Minanda saha Ashfiyah Nor Rahmani.

a) Monica Valent Minanda

Monica Valent Minanda minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika monica, saha valent sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung minanda (/mi/ + nanda) ingkang ngalami *pengakroniman*. Adhedhasar kamus tembung monica (Latin) : *penasihat*, pitutur (Bruce Lansky, 2009: 146). Valent (Ing) : tandha katresnan ing 14 februari (John M Echols, 2005: 626).. Nanda (S) : senang, anak laki-laki (Mardiwarsito,1981:363). Dados adhedhasar kamus Monica Valent Minanda tegesipun putranipun minangka pitutur saha raos tresna ing wulan Februari. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Monica Valent Minanda tegesipun putranipun ibu Minuk ingkang dipuntresnani lair ing wulan Februari. Tegesing nama Monica Valent Minanda adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan

adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Monica Valent Minanda.

Nama Monica Valent Minanda kalebet *unsur* agami saha *unsur* pepenget. Tembung monica , saha valent minangka nama Baptis tiyang agaminipun Kristen/ Katolik ingkang lair ing wulan Februari. Tembung minanda minangka cekakan saking /mi/ ‘minuk’ + nanda ‘putra’ ingkang gadhah teges putranipun ibu Minuk.

b) Ashfiah Nor Rahmani

Ashfiah Nor Rahmani minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung monomorfemis inggih menika tembung nur, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ashfiah (*ashfiya* + {-ah}), rahmani (rahman + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Ashfiyā (Ar) : kanca ingkang tulus, ingkang suci, ingkang sae piyambak (Mahmud, 1989: 219). Nur (Ar) : cahya, sorot (Purwadarminto, 1939: 349). Raḥman (Ar) : welas asih (Purwadarminto, 1939: 517). Dados Ashfiah Nor Rahmani’Dados dhedhasar kamus nama Ashfiah Nor Rahmani tegesipun kanca ingkang suci/ tulus, sumunar, saha welas asih. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Ashfiah Nor Rahmani tegesipun wanita ingkang suci sumunar saha welas asih. Tegesing nama Ashfiah Nor Rahmani adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Ashfiah Nor Rahmani kalebet *unsur* agami saha *unsur* pepenget. Tembung ashfiah minangka unsur agami ingkang ngemi teges sae, suci saha luhur. Tembung nor rahmani minangka Asmaul Husna inggih menika *An-Nur* (*Maha Bercahaya*) saha *Ar Rahman* (*Maha Welas Asih*). Tembung nor rahmani

ugi minangka pepenget nama kancanipun ibu ingkang sipatipun ayu, alim, kalem, sae, saha wasis.

c) Anisatul Fatikah

Anisatul Fatikah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung monomorfemis inggih menika anisatun, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung fatikah (*al-fatihah*) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Anisatun (Ar) : wanita, bocah wadon (Mahmud, 1989: 51). Fatiḥah (Ar) : pambuka (Mahmud, 1989: 307) (Surat Al Fatihah). Dados dhedhasar kamus nama Anissatul Fatikah tegesipun wanita minangka pambuka. Adhedhasar ingkang gadhah nama, Anissatul Fatikah tegesipun putra estri minangka pambuka. Tegesing nama Anissatul Fatikah adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Anissatul Fatikah kalebet menika *unsur* agami saha *unsur* pepenget. Tembung fatikah minangka surat ing *Al-Quran* inggih menika surat *Al-Fatihah*. Tembung menika ugi minangka pepenget kawontenan putra estri ingkang kapisan minangka mbakyunipun sampun seda. Tembung anisatul minangka pepenget lair putra estri.

5) *Unsur Alam + Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, saha pangajab ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam saha *entiti* inggih menika nama Erdian Sigit Pangestu, saha Ady Cahyono.

a) Erdian Sigit Pangestu

Erdian Sigit Pangestu minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung sigit, pangestu, saha tembung *polimorfemis* erdian (her + diyan) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung her (kw) : toya (Mardiwarsito, 1981: 176). Diyan (Jw) : piranti kanggo gawe pepadhang (Purwadarminto, 1939: 68). Sigit (Kw) : bagus (Purwadarminto, 1939: 562). Pangestu (Jw) : berkah, pandonga (Purwadarminto, 1939: 468). Dados adhedhasar kamus nama Erdian Sigit Pangestu tegesipun putra sipatipun kados banyu saha sumunar kados cahya, sarta bagus minangka berkah saking Gusti Allah. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Erdian Sigit pangestu tegesipun cahyaning toya ingkang becik saha dipunpangestuni. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Ady Cahyono kalebet wonten ing *unsur* alam saha *unsur* entiti. Tembung erdian minangka dasanama *unsur* alam inggih menika sipat kados toya saha sumunar kados cahya. Tembung sigit minangka pangajab dados tiyang ingkang sae utawi bagus

c) Ady Cahyono

Ady Cahyono minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* adi saha tembung *polimorfemis* (cahya + {-ono}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung adi (kw) : linuwih, becik (Purwadarminto, 1939: 2). Cahya (S) : warnaning sorot, kamulyan (Purwadarminto, 1939: 622). {-ono} : tandha jaler. Dados dhehdasar kamus nama

Ady Cahyono tegesipun tiyang jaler minangka cahya ingkang becik. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Ady Cahyone tegesipun cahya ingkang becik. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Ady Cahyono kalebet wonten ing *unsur* alam saha *unsur* entity/pangajab. Tembung cahya minangka *unsur* alam gadhah pangajab dados tiyang ingkang sumunar kados cahya. Tembung ady minangka pangajab dados tiyang ingkang sae.

6) *Unsur Alam + Flora/ fauna*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, saha tetuwuhan utawi kewan. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, saha *flora/ fauna* inggih menika nama Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah.

a) Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah

Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung nurul, zuhriyah saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ‘aini (‘ain + {-i}), zainatuz (zain + {-atun}) ingkang ngalami sufiksasi. Adhedhasar kamus tembung nurul (Ar) : cahya (Mahmud, 1989: 473). ‘Ain (Ar) : soca, srengenge, *zat* (Mahmud, 1989: 288). Zain (Ar) : pepaes, rerenggan (Mahmud, 1989: 161). {-atun} : tandha estri. Zuhriyah (Ar) : papan kembang (Mahmud, 1989: 158). Dados adhedhasar kamus nama Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah tegesipun soca ingkang sumunar saha rerenggan awujud kembang. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah tegesipun soca ingkang sumunar saha endah kados kembang.

Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah kalebet wonten ing *unsur* alam saha *unsur flora/ fauna*. Tembung nurul minangka *unsur* alam inggih menika sipatipun sumunar kados cahya. Tembung zuhriyah minangka *unsur flora/ fauna* ingkang sipatipun endah, saha arum kados kembang.

7) *Unsur* Alam + Ghaib

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, saha bab ghaib. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, saha ghaib inggih menika nama Wahyu Retnosari.

a) Wahyu Retnosari

Wahyu Retnosari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika wahyu saha tembung *polimorfemis* inggih menika retnasari (retno + sari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Wahyu (Ar) : 1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib (Purwadarminto, 1939: 653). Retno (S, kw) : 1.inten, 2.sing endah dhewe 3. (sebutan) putri (Purwadarminto, 1939: 529). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546). Dados adhedhasar kamus nama Wahyu Retnosari tegesipun wedharing Allah awujud putri ingkang endah kados inten. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Wahyu Retnosari tegesipun kawelasan wanita ingkang endah kados permata. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Wahyu Retnosari kalebet wonten ing *unsur* alam saha *unsur* ghaib. Tembung Retnosari minangka unsur alam ingkang sipatipun endah kados watu permata/ inten. Tembung wahyu minangka *unsur* ghaib ingkang dipunpitados jiwanipun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur

8) *Unsur* Alam + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, saha pepenget inggih menika nama Habib Hermanto, Mega Silvia Yulianti, saha Herlyn Yunita Purnamasari.

a) Habib Hermanto

Habib Hermanto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika habib saha tembung *polimorfemis* inggih menika hermanto (Her + {-manto}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung habib (Ar) : trahipun Nabi Muhammad (Purwadarminto, 1939: 165). Her (kw) : toya (Purwadarminto, 1939: 166). {-manto} : tandha jaler. Dados adhedhasar kamus nama Habib Hermanto tegesipun tiyang jaler saking trahipun nabi Muhammad ingkang sipatipun kados toya. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama tegesipun putranipun bapak Suparmanto ingkang welas asih. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Habib Hermanto kalebet *unsur* alam saha *unsur* pepenget. Tembung habib minangka pepenget nama tiyang sanes ingkang mbiyantu nalika ingkang gadhah nama badhe lair. Tembung hermanto minangka *unsur* alam inggih menika

dasanama tembung toya ingkang ngemu teges kadadosan saking toyanipun (kama) bapak Suparmanto.

b) Mega Silvia Yulianti

Mega Silvia Yulianti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika mega, silvia, saha tembung *polimorfemis* inggih menika yulianti (yuli + {-anti}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung mega (S) : awan kang katon putih (Purwadarminto, 1939: 300). Silvia (Ing) : *pohon hutan* (KBBI, 2008: 1307) (Bruce Lansky, 2009: 202). Juli (W) : sasi kang kapitu (Purwadarminto, 1939: 95). {-anti} : tandha estri. Anti (Ar) : kamu perempuan (Mahmud, 1989: 50). Dados adhedhasar kamus nama Mega Silvia Yulianti tegesipun wanita lair ing wulan Juli ingkang putih saha asri. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Mega Silvia Yulianti tegesipun Wanita ingkang lair ing wulan Juli pikantuk rahmad saking Allah S.W.T , mugi-mugi dados putra ingkang wasis kados tiyang Manca. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Mega Silvia Yulianti kalebet wonten ing *unsur* alam saha pepenget. Tembung mega saha silvia minangka *unsur* alam ingkang ngemu teges awan pethak ingkang papanipun inggil saha bintang ingkang sumunar. Tembung yulianti minangka pepenget wanita ingkang lair ing wulan Juli.

c) Herlyn Purnamasari

Herlyn Purnamasari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika herlyn, saha tembung *polimorfemis* inggih menika yunita (yuni + wanita) ingkang ngalami *pengakroniman*, sarta

purnamasari (purnama + sari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Herlin (Ing Kuno) : wanita ningrat (www.nama.web.id). Juni (W) : sasi kang kanem (Purwadarminto,1939:96). {-ta} : wanita. Purnama (S) : rembulan wutuh (Purwadarminto, 1939: 504). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto,1939: 546). Dados adhedhasar kamus nama Herlyn Yunita Purnamasari tegesipun wanita lair ing wulan Juni ingkang endah kados purnama. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Herlyn Yunita Purnamasari tegesipun wanita lair ing wulan Juni ingkang sumunar ing njero segara saha endah kados purnama minangka putunipun simbah Purwomiharjo. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Herlyn Yunita Purnamasari kalebet wonten ing *unsur* alam saha pepenget. Tembung herlyn saha purnamasari minangka unsur alam ingkang ngemu teges sela ing laut ingkang sumunar saha rembulan ingkang endah. Tembung purnamari ugi minangka pepenget nama simbah Purwomiharjo. Tembung yunita minangka pepenget lair putra estri ing wulan Juni.

9) *Unsur Entiti + Nomer*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang gadhah nama, saha urutaning lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur entiti*, saha nomer inggih menika nama Sulus Arifata, saha Eko Agus Subekti.

a) Sulus Arifata

Sulus Arifata minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika *śulśun* saha tembung *polimorfemis* inggih menika arifata (arif + fatan) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung *śulśun* (Ar) : *sepertiga* (Mahmud, 1989: 81). Arif (Ar) : *orang alim, arif wicaksana* (Mahmud, 1989: 263). Fatan (Ar) : *taruna* (Mahmud, 1989: 308). Dados nama Sulus Arifata tegesipun putra tetiga minangka taruna ingkang wicaksana. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Sulus Arifata tegesipun putra katelu minangka taruna ingkang wicaksana. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Sulus Arifata kalebet *unsur entiti* saha *unsur nomer*. Tembung sulus minangka tandha urutan lair nomer tiga. Tembung arifata minangka pangajab dados taruna ingkang wicaksana.

b) Eko Agus Subekti

Eko Agus Subekti minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika eka, bagus saha tembung *polimorfemis* inggih menika subekti (su + bekti) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung eka (S, kw) : *siji* (Purwadarminto, 1939: 114). Agus (Jw) : *bagus* (Purwadarminto, 1939: 4). Su (S) : *sanget, sae, bagus, ayu, ageng* (Mardiarsito, 1981: 540). Bkti (Jw) : *pakurmatan* (Purwadarminto, 1939: 39). Dados nama Eko Agus Subekti tegesipun putra jaler kapisan ingkang bagus saha kurmat sanget. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Eko Agus Subekti tegesipun putra kapisan ingkang bagus saha pangabekti. Tegesing nama menika adhedhasar

ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Eko Agus Subekti kalebet *unsur entiti* saha *unsur* nomer. Tembung Agus saha Subekti minangka pangajab dados tiyang ingkang bagus saha bekti dhumateng tiyang sepuh saha Gusti Allah. Tembung eko minangka tandha putra kapisan awujud tiyang jaler.

10) *Unsur Entiti* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur entiti*, saha pepenget inggih menika nama Endah Yulistianingsih, Yossep Wijaya, saha Sapdo Haris Wiryanto.

a) Endah Yulistianingsih

Endah Yulistianingsih minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika endah saha tembung *polimorfemis* yulistianingsih (yuli + setya + ningsih) ingkang ngalami *pengakroniman*. Adhedhasar kamus tembung endah (kw) : becik banget (Purwadarminto, 1939: 124). Juli : Sasi kang kapitu (Purwadarminto, 1939: 95). Setya : setya, temen, tuhu (Purwadarminto, 1939: 548). Ningsih : 1. wening asih, 2. sebutan tiyang estri. Ning (kw) : ing, bening (C. F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 183). Sih (Jw) : tresna, katresnan, kawelasan (Purwadarminto, 1939: 562). Dados adhedhasar kamus nama Endah Yulistianingsih tegesipun wanita ingkang endah saha setya lair ing wulan Juli. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Endah Yulistianingsih tegesipun wanita ingkang endah, saha setya. Tegesing nama

menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Endah Yulistianingsih kalebet *unsur entiti* saha *unsur* pepenget. Nama menika gadhah pangajab dados wanita ingkang endah/ayu saha setya marang garwanipun. Tembung Yulistianingsih minangka pepenget lair ing wulan September saengga namanipun Endah Septianingsih, amargi wonten ingkang tangga tepalih ingkang namanipun sami lajeng dipungantos Yulistianingsih.

b) Yossep Wijaya

Yossep Wijaya minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung wijaya saha tembung polimorfemis inggih menika tembung tembung yossep (yogya + September) ingkang ngalami pengakroniman. Adhedhasar kamus tembung Yosep, Yosef,/Yusuf (Yahudi) : minangka nama baptis tegesipun nambah rahmat saha *mengangkat hambanya* (Bruce Lansky, 2009: 349). Wijaya (S, kw) : menang, kasekten, jaya (Purwadarminto, 1939: 662). Dados nama Yossep Wijaya tegesipun putra putra ingkang dipunparingi rahmat saha dipunpikul dhuwur drajatipun sarta tansah wijaya. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Yossep Wijaya tegesipun putra Yogyakarta lair ing wulan September ingkang wijaya. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Yossep Wijaya kalebet *unsur entiti* saha *unsur* pepenget. Tembung Yossep minangka pepenget nama papan saha wulan lair ingkang gadhah nama inggih menika Yogyakarta saha September. Nama Yosep mliginipun

dipunginakaken tiyang ingkang agaminipun Kristen/ Katholik. Menawi dipuntingali agami ingkang gadhah nama inggih menika Islam, saengga kirang trep. Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang wijaya ing papan lairipun inggih menika Yogyakarta.

c) Sapdo Haris Wiryanto

Sapdo Haris Wiryanto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung sabda, haris saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung wiryanto (wiry + {-anto}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Sabda (S, kw) : swara, gunem, tetembungan (Purwadarminto, 1939: 536). Haris (kw) : alus, alon (Mardiwarsito, 1981: 76). Wiry (S, kw) : jantan, kendel, kuwasa, mulya, luhur (Purwadarminto, 1939: 665). {-anto} : tandha jaler. Dados nama Sapdo Haris Wiryanto tegesipun swantenipun alus saha tiyang jaler ingkang kendel. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Sapdo Haris Wiryanto tegesipun tiyang ingkang alus saha kendel. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Sapdo Haris Wiryanto kalebet *unsur entiti* saha *unsur* pepenget. Nama menika gadhah pangajab dados tiyang jaler ingkang alus/ welas asih saha kendel. Tembung sapda minangka kawontenan nalika damel nama ing kelurahan klentu nyerat sabdo dados sapdo. Tembung wiryanto minangka nama simbah ingkang gadhah nama inggih menika simbah Wiry.

11) *Unsur Flora/ fauna* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan utawi kewan, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur flora/ fauna*, saha pepenget inggih menika nama Linda Puspita Nawangsari saha Dika Rudianto.

a) Linda Puspita Nawangsari

Linda Puspita Nawangsari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung linda, puspita saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung nawangsari (nawang + sari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung linda (Spy) : *ayu, manis, bagus*, cilik (Milagros Guindel, 2001: 438). Puspita (S, kw) : kembang (Purwadarminto, 1939: 504). Nawang (Jw) : nyawang, tawang (Purwadarminto, 1939: 339). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546). Dados nama Linda Puspita Nawangsari tegesipun ayu saha kepenak dipunsawang kados kembang. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Linda Puspita Nawangsari tegesipun kembang ingkang dipuntandur tiyang sepuh saha lahir ing dusun Tawang Sari. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika jumbuh. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Linda Puspita Nawangsari kalebet wonten ing *unsur flora/ fauna* saha *unsur* pepenget. Tembung linda minangka pepenget nama tiyang sanes inggih menika penyanyi dangdut Linda Karela. Tembung puspita minangka *unsur flora/ fauna* ingkang sipatipun endah kados kembang. Tembung nawangsari minangka pepenget nama dusun lairipun ingkang gadhah nama inggih menika

dusun Tawang Sari. Nawangsari ugi minangka nama widadari ing carios Jaka Tarub.

b) Dika Rudianto

Dika Rudianto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung dikun saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung ruadiano (rudi + {-anto}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Dikun (Ar) : ayam jago (Mahmud, 1989:132). rudi (Grm) : serigala ingkang kondhang (Bruce Lansky, 2009: 432). Dados adhedhasar kamus nama Dika Rudianto tegesipun tiyang jaler ingkang gagah kados pitik jago saha kondhang kados serigala. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Dika Rudianto tegesipun tiyang jaler ingkang lair sauntara. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Dika Rudianto kalebet wonten ing *unsur flora/ fauna* saha *unsur pepenget*. Tembung dika minangka unsur flora/ fauna ingkang sipatipun kados pitik jago ingkang gagah, kiat saha swantenipun sae. Nama menika nggambaraken kawontenan nalika lair inggih menika namung lair radhi sauntara.

12) *Unsur Nomer + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur nomer*, saha pepenget inggih menika nama Rizqy Prima Jalu Prasetyatama

a) Rizqy Prima Jalu Prasetyatama

Rizqy Prima Jalu Prasetyatama minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika prima, jalu saha tembung

polimorfemis inggih menika tembung rizqy (rizkun + {-i}) ingkang ngalami *sufiksasi* saha prasetyatama (prasetya + utama) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung rizkun (Ar) : rezeki (Mahmud, 1989: 140). Prima (Ind) : 1. kapisan 2. sae sanget, utama (KBBI, 2008: 1102). Jalu (kw) : lanang (Purwadarminto, 1939: 79). Prasetya (Jw) : saguh bakal setya tuhu (Purwadarminto, 1939: 511). Utama (S, kw) : becik, linuwih (Purwadarminto, 1939: 447). Dados adhedhasar kamus nama Rizqy Prima Jalu Prasetyatama tegesipun rezeki putra jaler kapisan ingkang bakal setya tuhu saha becik. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Rizqy Prima Jalu Prasetyatama tegesipun rezeki putra kapisan awujud tiyang jaler ingkang utama. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Rizqy Prima Jalu Prasetyatama kalebet wonten *unsur* nomer saha *unsur* pepenget. Tembung prima minangka tandha putra lair kapisan. Tembung jalu minangka pepenget lair putra jaler. Tembung prasetyatama minangka nama trah saking bapak.

13) *Unsur* Wayang + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan lakon ing wayang, pangajab saking ingkang paring nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* wayang, *entiti*, saha nomer inggih menika nama Tri Wisnu Handoyo.

a) Tri Wisnu Handoyo

Tri Wisnu Handoyo minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung tri, wisnu, saha tembung

polimorfemis inggih menika tembung handoyo ({ha-} + {N-} + daya) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Tri (S, kw) : tiga (Purwadarminto, 1939: 21). Wisnu (Ind) : salah satunggaling dewa Trimurti ingkang jejibahanipun nglestunaken alam donya (KBBI, 2008: 1563). Daya (Jw) : kakuatan (Purwadarminto, 1939: 63). Dados adhedhasar kamus nama Tri Wisnu Handoyo tegesipun putra tetiga ingkang kiat saha sipatipun kados dewa Wisnu. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Tri Wisnu Handoyo tegesipun Putra ketelu ingkang dipunparingi lancar. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Tri Wisnu Handoyo kalebet *unsur wayang*, saha *unsur* nomer. Tembung tri minangka tandha putra urutan lair nomer tiga. Nama menika minangka nama bathara Wisnu ingkang ngemu pangajab dados tiyang ingkang kiat/ sakti kados bathara Wisnu. Bathara Wisnu minangka dewa Trimurti ingkang gadhah jejibahan nglestunaken saha njagi alam donya.

14) *Unsur Wayang + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan lakon ing wayang, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur wayang*, saha pepenget inggih menika nama Linda Agusta Indra Widiastuti saha Lira Sinta Diah Anggraeni.

a) Linda Agusta Indra Widiastuti

Linda Agusta Indra Widiastuti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika linda, indra, widyastuti saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung agusta (agus + {-ta}) ingkang

ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Linda (Spy) : ayu, manis, bagus, cilik (Milagros Guindel, 2001: 438). Agus (Jw) : bagus (Purwadarminto, 1939: 4). {-ta} : wanita. Indra (S) : raja, dewa Indra (Mardiwarsito, 1981: 237). Widyastuti (kw) : pangabekti, pepuji (Purwadarminto, 1939: 662). Dados adhedhasar kamus nama Linda Agusta Indra Widiastuti tegesipun wanita ingkang ayu saha pangabekti sipatipun sae kados Bathara Indra. Adhedhasar ingkang gadhah nama Linda Agusta Indra Widiastuti tegesipun wanita putra bapak Agus saha ibu Widhiastuti ingkang gadhah sipat kados bathara Indra. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus inggih menika jumbuh. Dados ingkang gadhah nama kirang mangertos tegesing nama menika.

Nama Linda Agusta Indra Widiastuti kalebet wonten *unsur* wayang saha *unsur* pepenget. Tembung linda minangka pepenget nama tiyang manca. Agusta minangka nama bapakipun ingkang gadhah nama inggih menika bapak agus. Tembung indra minangka lakon ing wayang ingkang kiat inggih menika bathara Indra. Tembung widyastuti minangka nama ibunipun ingkang gadhah nama.

b) Lira Sinta Diah Anggraeni

Lira Sinta Diah Anggraeni minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika lira, sinta, diyah saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung anggraeni (anggara +{eni}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Lira (Ind) : 1. satuan mata uang Italia, 2. alat musik Yunani kuno, 3. burung mirip ayam hutan, kicauannya merdu dan dapat menirukan kicauan burung lain. (KBBI, 2008: 835). Sinta (Jw) : 1. wuku kang kapisan (Purwadarminto, 1939: 564). 2. lakon wayang “Dewi Sinta”.

Diyah (kw) : 1. putra/putrine para luhur/raja 2. (sebutane) putri (Purwadarminto, 1939: 75). Anggara (Jw) : Selasa (Purwadarminto, 1939: 14). {-eni} : tandha estri. Eni (kw) : peni, edi, aeng (C.F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 46). Dados adhedhasar kamus nama Lira Sinta Diah Anggraeni tegesipun putri lair ing dinten Selasa minangka wanita ingkang setya kados Dewi Sinta. Adhedhasar ingkang gadhah nama Lira Sinta Diah Anggraeni tegesipun wanita lair ing dinten Selasa ingkang setya kados Dewi Sinta. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika. Nama Lira Sinta Diah Anggraeni kalebet wonten *unsur* wayang saha *unsur* pepenget. Tembung *sinta* minangka pangajab dados wanita ingkang setya kados lakon wayang Dewi Sinta. Tembung *diyah* minangka pepenget lair putra estri. Tembung *anggraeni* minangka pepenget lair ing dinten Selasa.

c. Tigang Unsur Dhasaring Paring Nama

Nama ingkang kadadosan saking tigang unsur dhasaring paring nama inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Unsur* Agami + Alam + *Entiti*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, alam donya, saha pangajab saking ingkang paring nama. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* agami, alam, saha *entiti* inggih menika nama Eliya Banu Fitriana.

a) Eliya Banu Fitriana

Eliya Banu Fitriana minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung *banu* saha tembung *polimorfemis*

inggih menika tembung Eliya→ (eling + ya) ingkang ngalami *pemajemukan* saha tembung fitriana (fitri + {-ana}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung banu (S) kw : sorot, srengenge (Purwadarminto, 1939: 29). Fitri (Ar) : gayut kaliyan fitrah (*sifat asal*) (KBBI, 2008: 394). Fitrah : *asal kejadian*, suci, agama ingkang leres (Mahmud, 1989: 319) . {-ana}: tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Eliya Banu Fitriana tegesipun wanita ingkang suci saha tansah eling marang Gusti Allah saha sipatipun kados srengenge. Adhedhasar ingkang gadhah nama Eliya Banu Fitriana tegesipun tiyang gesang lair saderengipun Idul Fitri kedah eling kaliyan ingkang damel urip saha sipatipun kados srengenge. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Eliya Banu Fitriana kalebet wonten tigang *unsur* inggih menika *unsur* agami, *unsur* alam saha *unsur entiti*. Tembung eliya minangka pangajab dados tiyang ingkang eling dhumateng Gusti Allah. Tembung banu minangka pangajab sipatipun kados srengenge inggih menika saged paring panguripan, saha semangat. Tembung fitriana minangka wanita ingkang lair nalika caket dinten riyaya Idul Fitri, ugi dados tandha agamini Islam.

2) *Unsur* Agami + Alam + Ghaib

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, alam donya, saha bab ghaib. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, alam, saha ghaib inggih menika nama Dian Wahyu Fitrianti.

a) Dian Wahyu Fitrianti

Dian Wahyu Fitrianti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung diyan, wahyu saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung fitrianti (fitri + {-anti}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Diyan (Jw) : piranti kanggo gawe pepadhang (Purwadarminto, 1939: 68). Wahyu (Ar) : 1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib, 2. pulung nugrahaning Allah (Purwadarminto, 1939: 653). Fitri (Ar) : gayut kaliyan fitrah (sipat asal) (KBBI, 2008: 394). Fitrah : *asal kejadian, kesucian*, agama ingkang leres (Mahmud, 1989: 319), (dinten riyaya *Idul Fitri*). {-anti}: tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Dian Wahyu Fitrianti tegesipun wedharaning Gusti Allah awujud wanita ingkang sumunar saha suci. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Dian Wahyu Fitrianti tegesipun kawelasan cahya ing wulan fitri (*Idul Fitri*). Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Dian Wahyu Fitrianti kalebet wonten tigang *unsur* inggih menika *unsur* agami, *unsur* alam saha *unsur* ghaib. Tembung dian minangka dasanama cahya ingkang ngemu teges saged dados pepadhang. Wahyu inggih menika *unsur* ingkang dipunpitados jiwani pun bakal dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur. Wanita ingkang lair caket dinten riyaya *Idul Fitri*.

3) *Unsur* Agami + Alam + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, alam donya, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* agami, alam, saha nomer inggih menika nama Eka Nur Fitriana.

a) Eka Nur Fitriana

Eka Nur Fitriana minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung eka, nur, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung fitriana→ (fitri + {-ana}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung eka (S, kw) : siji (Purwadarminto, 1939: 114). Nur (Ar) : cahya, sorot (Purwadarminto, 1939: 349). Fitri (Ar) : gayut kaliyan fitrah (*sifat asal*) (KBBI, 2008: 394). Fitrah : *asal kejadian, kesucian, agama ingkang leres* (Mahmud, 1989: 319) . Ana (Jw) : 1. wonten (Purwadarminto, 1939: 10) 2. {-ana}: tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Eka Nur Fitriana tegesipun putri nomer setunggal minangka wanita ingkang sumunar saha suci. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Eka Nur Fitriana tegesipun putra kapisan lair saksampunipun Idul Fitri minangka cahya ingkang suci. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Eka Nur Fitriana kalebet wonten tigang *unsur* inggih menika *unsur* agami, *unsur* alam saha *unsur* nomer. Tembung nur minangka unsure alam saking dasanama cahya ingkang ngemu teges saged dados pepadhang. Tembung eka minangka tandha putra ingkang lair kaping setunggal. Wanita ingkang lair caket dinten riyaya *Idul Fitri*. Ugi tandha ingkang gadhah nama agaminipun Islam.

4) *Unsur* Agami + Alam + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, alam donya, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot

tembung saking *Unsur* agami, alam, saha pepenget inggih menika nama Lisa Dewi Nurul Anisa.

a) Lisa Dewi Nurul Anisa

Lisa Dewi Nurul Anisa minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung lisa, dewi, nurul saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung anisa → (an-nisa) ingkang ngalami *prefiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Lisa (Spy) : lurus, alus, mulus, *datar* (Milagros Guindel, 2001: 439). Lisa (Yahudi) : bekti dhumateng Tuhan (Bruce Lansky, 2009: 121). Dewi (S, kw) : bidadari (Purwadarminto, 1939: 66). Nurul (Ar) : cahya (Mahmud, 1989: 473). Nisa (Ar) : wanita (Mahmud, 1989 : 449). Dados adhedhasar kamus nama Lisa Dewi Nurul Anisa tegesipun widadari ingkang alus saha wanita ingkang sumunar. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Lisa Dewi Nurul Anisa tegesipun wanita ingkang sumunar minangka putunipun simbah Sali. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Lisa Dewi Nurul Anisa kalebet wonten tigang *unsur* inggih menika *unsur* agami, *unsur* alam saha *unsur* pepenget. Tembung lisa minangka walikan saking nama simbah inggih menika simbah Sali. Tembung dewi minangka pepenget lair putra estri. Pangajab dados tiyang ingkang sumunar kados cahya. Salah satunggaling nama surat ing *Al-Quran* inggih menika surat *An-Nisa*

5) *Unsur* Agami + Entiti + Nomer

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, pangajab saking ingkang paring nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang

ngemot tembung saking *unsur* agami, *entiti*, saha nomer inggih menika nama Fatkur Rohman Nur Awaln

a) Fatkur Rohman Nur Awaln

Fatkur Rohman Nur Awaln minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* fathun, rahman, saha nur, sarta tembung *polimorfemis* inggih menika tembung awaln (awallu + {-in}). Adhedhasar kamus tembung fathun (Ar) : pambuka, menang, jaya (Mahmud, 1989: 306). Rahman (Ar) : welas asih (Purwadarminto, 1939: 517). Nur (Ar) : cahya, sorot (Purwadarminto, 1939: 349). Awwalu (Ar) : kapisan, *terdahulu* (Mahmud, 1989: 53). Dados adhedhasar kamus nama Fatkur Rohman Nur Awaln tegesipun putra kapisan minangka pambuka ingkang jaya, welas asih, saha sumunar. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Fatkur Rohman Nur Awaln tegesipun putra kapisan saged dados ujung tombak saha welas asih. Tegesing nama Fatkur Rohman Nur Awaln adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Fatkur Rohman Nur Awaln.

Nama Fatkur Rohman Nur Awaln kalebet *unsur* agami saha nomer. Tembung fatkur minangka pangajab dados tiyang ingkang jaya, saengga saged mbiyantu kulawarganipun. Tembung rohman, saha nur minangka *Asmaul Husna* inggih menika *Ar Rahman (Maha Pengasih)*, *Al Nur (Maha Bercahaya)*. Tembung awaln minangka *pepenget putra lair kapisan*.

6) *Unsur Agami + Entiti + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan agami ingkang gadhah nama, pangajab saking ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama

mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* agami, *entiti*, saha pepenget inggih menika nama Iqlima Septy Rismawati, Maya Yulaicha, saha Ayu Crismas Menakotta Kufla

a) Maya Yulaicha

Maya Yulaicha minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika maya, saha tembung *polimorfemis* yulaicha→ (yuli + zulaikha) ingkang ngalami *pengakroniman*. Adhedhasar kamus tembung Maya (S) : semu, samar, endah banget, kembang blimbing (Purwadarminto, 1939: 286). Juli (W) : Sasi kang kapitu (Purwadarminto, 1939: 95). Zulaikha : garwa Nabi Yusuf A.S. Dados adhedhasar kamus nama Maya Yulaicha tegesipun wanita lair ing wulan Juli ingkang endah banget kados Siti Zulaikha. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Maya Yulaicha tegesipun wanita ingkang ayu kados Siti Zulaikha. Tegesing nama Maya Yulaicha adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Maya Yulaicha.

Nama Maya Yulaicha kalebet *unsur* agami, *entiti*, saha pepenget. Tembung maya minangka pangajab dados tiyang ingkang endah sanget. Tembung Yulaikha minangka pepenget lair ing wulan Juli saha nama garwanipun Nabi Yusuf inggih menika Siti Zulaikha ingkang pasuryanipun ayu

b) Iqlima Septy Rismawati

Iqlima Septy Rismawati minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika iqlima, saha tembung *polimorfemis* septy→ (September + {-y}) saha rismawati→ (karisma + {-wati}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Iqlima (Ar) : putri Nabi Adam

ingkang ayu sanget. September (Ind) : wulan kaping 9 tarik masehi (KBBI, 2008: 1280). *Karisma* (Ind) : *Kemampuan yang luar biasa dalam hal kepemimpinan, membangkitkan rasa kagum terhadap dirinya* (KBBI, 2008 : 509). {-wati} : tandha estri. Dados adhedhasar kamus Iqlima Septy Rismawati tegesipun wanita lair ing wulan September ingkang ayu saha gadhah karisma kados putrinipun Nabi Adam. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Iqlima Septy Rismawati tegesipun wanita ingkang ayu sanget saha gadhah kharisma kados putri Nabi Adam (Iqlima) lair ing wulan September. Tegesing nama Iqlima Septy Rismawati adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Iqlima Septy Rismawati.

Nama Iqlima Septy Rismawati kalebet *unsur* agami, *entiti*, saha *unsur* pepenget. Tembung iqlima minangka nama putra nabi Adam ingkang ayu sanget. Tembung septy minangka pepenget lair ing wulan September. Nama menika gadhah pangajab dados wanita ingkang ayu saha wibawa.

c) Ayu Crismas Menakotta Kufla

Ayu Crismas Menakotta Kufla minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika ayu, crismas, kufla, saha tembung *polimorfemis* menakotta (mena + kotta) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Ayu (kw) : becik rupane, slamet (Purwadarminto, 1939: 5). Crismas (Ing) : natal (John M Echolis, 2005: 113). Mena (S) : wanita, (Arthur Anthony Macdonell, 1954: 235). Kotta (S) : benteng. Kufla : nama trah. Ayu (kw) : becik rupane, slamet (Purwadarminto, 1939: 5). Crismas (Ing) : natal (John M Echolis, 2005: 113). Mena (S) : wanita, (Arthur Anthony Macdonell, 1954: 235). Kotta (S) : benteng. Kufla : nama trah. Dados

adhedhasar kamus nama Ayu Christmas Menakotta Kufla tegesipun becik pasuryanipun lair saksampunipun Natal dados wanita ingkang kiat kados benteng minangka saking trahipun Kufla. Adhedhasar ingkang gadhah nama, nama Ayu Christmas Menakotta Kufla tegesipun wanita ingkang ayu lair saksampunipun Natal minangka putunipun simbah Menakotta Kufla. Tegesing nama Ayu Christmas Menakotta Kufla adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Ayu Christmas Menakotta Kufla.

Nama Ayu Christmas Menakotta Kufla kalebet *unsur* agami, *entiti*, saha pepenget. Tembung Crismas minangka lair nalika saksampunipun dinten riyaya Natal. Tembung menika pepenget menawi kala rumiyin agaminipun kristiani, lajeng nalika SMP gantos agami dados Islam. Nama menika gadhah pangajab dados tiyang ingkang ayu saha kiat. Tembung kufla minangka pepenget nama trah saking simbah.

7) *Unsur Alam + Entiti + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, pangajab ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, *entiti*, saha pepenget inggih menika nama Klasobo Ervika Aji Setiyana.

a) Klasobo Ervika Aji Setiyana

Klasobo Ervika Aji Setiyana minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung aji, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung kalsobo (klaten + wonosobo) ingkang ngalami *pengakroniman*, ervika (her + vika) ingkang ngalami *pemajemukan*,

setiyana (setya + {-ana}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Klasobo : -. Her (kw) : toya (Mardiwarsito, 1981: 176). Vika : - . Arfaqa (Ar) : migunani, mbiyantu (Mahmud, 1989: 144). Aji (Jw) : rapal (donga) kang marakake bisa ngetokake kaluwihan (Purwadarminto, 1939: 3). Setya (S) : setya, temen, tuhu (Purwadarminto, 1939: 548). Ana (Jw) : wonten (Purwadarminto, 1939: 10) 2. {-ana} : tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Klasobo Ervika Aji Setiyana tegesipun Klasobo minangka wanita ingkang gadhah kaluwihan, migunani saha setya. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Klasobo Ervika Aji Setiyana tegesipun putra saking ibu setiyaningsih saha bapak Mujiyono saking Klaten saha Wonosobo ingkang gadhah kaluwihan saha sipatipun kados banyu. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Klasobo Ervika Aji Setiyana kalebet wonten ing *unsur* alam , *entiti*, saha pepenget. Tembung klasobo minangka pepenget nama papan inggih menika Klaten saha Wonosobo. Nama menika minangka pangajab dados tiyang ingkang sipatipun kados toya inggih menika andhap asor, saha adem saha tiyang ingkang gadhah kaluwihan. Tembung setiyana minangka pepenget nama tiyang sepuh inggih menika Setiyaningsih saha Mujiono.

8) *Unsur* Alam + *Flora/ fauna* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, tetuwuhan utawi kewan, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, *flora/ fauna*, saha pepenget inggih menika nama Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum.

a) Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum

Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung diyah, cahya saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung kusumaayu (kusuma + ayu), saha ningrum (ning + ngrum) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Diyah (kw) : 1. putrine para raja 2. (sebutane) putri (Purwadarminto, 1939: 75). Kusuma (S, kw) : kembang, trah leluhur (Purwadarminto, 1939: 239). Ayu (kw) : becik rupane, slamet (Purwadarminto, 1939: 5). Cahya (S) : warnaning sorot, kamulyan (Purwadarminto, 1939: 622). Ningrum (Jw) : wening arum, tiyang estri. Ning (kw) : ing, bening (C. F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 183). Ngrum (kw) : arum (C. F. Winter & Ranggawarsita, 1991: 179). Dados adhedhasar kamus nama Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum tegesipun Putri kados kembang ingkang becik pasuryanipun, kamulyan, wening saha arum. Adhedhasar ingkang gadhah nama Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum tegesipun Putri ingkang ayu, sumunar, beta kabecikan saha arum kados kembang. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Diyah Kusumaayu Cahya Ningrum kalebet wonten ing *unsur* alam, *flora/ fauna* saha pepenget. Tembung diyah minangka pepenget lair putra estri. Tembung cahya minangka *unsur* alam ingkang sipatipun dados pepadhang saha sumunar kados cahya. Tembung kusumaayu minangka *unsur flora/ fauna* ingkang sipatipun endah, wangi saha ngrembaka kados kembang.

9) *Unsur* Alam + Nomer + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan alam donya, urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur* alam, *nomer*, saha pepenget inggih menika nama Firda Novia Lita.

a) Firda Novia Lita

Firda Novia Lita minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika fardah, pelita, saha tembung *polimorfemis* inggih menika novia (november + {-ia}) ingkang ngalami *kombinasi* inggih menika *pemenggalan* saha *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Fardah (Ar) : *yang tunggal* (Mahmud, 1989: 311). November (Ind) : wulan kaping 11 tarik masehi (KBBI, 2008: 969). Pelita (Ind) : lampu (KBBI, 2008: 1041). Dados adhedhasar kamus nama Firda Novia Lita tegesipun). putra kapisan lair ing wulan November sageddados pepadhang. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Firda Novia Lita tegesipun Cahyaning utama ing wulan November. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Firda Novia Lita kalebet wonten ing *unsur* alam, nomer saha pepenget. Tembung lita minangka unsure alam ingkang sipatipun dados pepadhang, saha sumunar kados cahya. Tembung firda minangka tandha putra lair nomer setunggal. Tembung novia minangka pepenget lair putra estri ing wulan November.

10) *Unsur Entiti + Nomer + Pepenget*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan pangajab saking ingkang paring nama, urutaning lair saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang

ngemot tembung saking *unsur entiti*, nomer saha pepenget inggih menika nama Yunita Anggun Try Wijayanti saha Apriyanto Dwi Susanto.

a) Yunita Anggun Try Wijayanti

Yunita Anggun Try Wijayanti minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung anggun, tri, wijayanti, saha tembung *polimorfemis* yunita (yuni + wanita) ingkang ngalami *pengakroniman*. Adhedhasar kamus tembung Juni (W) : sasi kang kanem (Purwadarminto, 1939: 96) {-ta} : wanita. Anggun (Ind) : sae saha wibawa (KBBI, 2008: 64). Tri (S, kw) : tiga (Purwadarminto, 1939: 21). Wijayanti (S) 1. jaya/ menang, 2. wujud sa(n) jak / kakawin (Mardiwarsita, 1978: 683). Dados adhedhasar kamus nama Yunita Anggun Try Wijayanti tegesipun wanita minangka putra nomer tiga lair ing wulan Juni ingkang sae, wibawa saha wijaya. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Yunita Anggun Try Wijayanti tegesipun wanita ingkang endah, saha setya. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kirang jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Yunita Anggun Try Wijayanti kalebet *unsur entiti* saha *unsur* pepenget. Tembung anggun, saha wijayanti minangka pangajab dados wanita ingkang ayu, wibawa, saha jaya. Tembung try minangka tandha putra lair urutan nomer tiga. Tembung yunita minangka pepenget lair wanita ing wulan Juni.

b) Apriyanto Dwi Susanto

Apriyanto Dwi Susanto minangka nama tiyang jaler. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika dwi, santosa, saha tembung *polimorfemis* inggih menika apriyanto (april + {-yanto}) ingkang ngalami

sufiksasi. Adhedhasar kamus tembung April (W) : wulan ingkang kapapat (Purwadarminto, 1939: 18). {-yanto} : tandha jaler. Dwi (S, kw) : loro (Purwadarminto, 1939: 75). Santosa (Jw) : kukuh, panggah (Purwadarminto, 1939: 543). Dados nama Apriyanto Dwi Santoso putra jaler nomer kalih lair ing wulan April ingkang santosa. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Apriyanto Dwi Santoso tegesipun tiyang jaler minangka putra kapindho lair ing wulan April ingkang kiat, ganteng saha sehat. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Apriyanto Dwi Santoso kalebet *unsur entiti*, nomer saha pepenget. Tembung santosa minangka pangajab dados tiyang ingkang panggah utawi kiat. Tembung dwi minangka tandha putra urutan lair nomer kalih. Tembung apriyanto minangka pepenget lair putra jaler ing wulan April

11) *Unsur Flora/ fauna + Entiti + Nomer*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan utawi kewan, pangajab saking ingkang paring nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur flora/ fauna, entiti*, saha nomer inggih menika nama Anggi Tri Puspitasari.

a) Anggi Tri Puspitasari

Anggi Tri Puspitasari minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung anggi, tri, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung puspitasari (puspita + sari) ingkang ngalami *pemajemukan*. Adhedhasar kamus tembung Anggi (S) : sangga, awak (Purwadarminto, 1939: 14). Tri (S, kw) : telu (Purwadarminto, 1939: 21). Puspita

(S, kw) : kembang (Purwadarminto, 1939: 504). Sari (kw) : 1.asri, endah 2. kembang 3. patining samubarang sing cuwer (Purwadarminto, 1939: 546). Dados nama Anggi Tri Puspitasari tegesipun putra nomer tiga ingkang nyangga kembang ingkang endah. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Anggi Tri Puspitasari tegesipun Putra tetiga ingkang anggun saha endah kados kembang. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika jumbuh. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Anggi Tri Puspitasari kalebet wonten ing *unsur flora/ fauna, entiti* saha nomer. Tembung puspitasari minangka *unsur flora/ fauna* ingkang sipatipun endah,saha arum kados kembang. Tembung anggi minangka plesedan saking tembung anggun ingkang dipunajab dados wanita ingkang ayu saha wibawa. Tembung tri minangka tandha putra urutan lair nomer tiga.

12) *Unsur Flora/ fauna* + Nomer + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan tetuwuhan utawi kewan, urutan lair, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur flora/ fauna*, nomer, saha pepenget inggih menika nama Umma Wahidatuz Zuhriyah.

a) Umma Wahidatuz Zuhriyah

Umma Wahidatuz Zuhriyah minangka nama tiyang estri. Nama menika awujud tembung *monomorfemis* inggih menika tembung ummahatun zuhriyah, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung wahidatuz (Wahid + {-atun}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Ummahatun (Ar) : ibu, bunda (Mahmud, 1989:48). Wahid (Ar) : esa, siji, tunggal (Mahmud, 1989:494). {-atun} : tandha estri. Zuhriyah (Ar) : papan kembang (Mahmud,1989: 158).

Dados nama Umma Wahidatuz Zuhriyah tegesipun ibu minangka putri kapisan papan kembang. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Umma Wahidatuz Zuhriyah tegesipun ibu ingkang mekar kados kembang. Tegesing nama menika adhedhasar ingkang gadhah nama kaliyan adhedhasar kamus inggih menika jumbuh. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama menika.

Nama Umma Wahidatuz Zuhriyah kalebet wonten ing *unsur flora/ fauna*, nomer, saha pepenget. tembung zuhriyah minangka *unsur flora/ fauna* ingkang sipatipun endah, arum saha mekar kados kembang. Tembung wahidatusz minangka tandha putra kapisan awujud tiyang estri. Tembung umma minangka pepenget lair putra estri

13) *Unsur Ghaib + Entiti + Nomer*

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan bab ghaib, pangajab saking ingkang paring nama, saha urutan lair. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *unsur ghaib, entiti*, saha nomer inggih menika nama Lestari Dwi Wahyuni.

a) Lestari Dwi Wahyuni

Lestari Dwi Wahyuni minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika tembung lestari, dwi, saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung wahyuni (wahyu + {-ni}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Lestari (Jw) : ajeg ora owah isih kaya mau-maune, terus bae (Purwadarmino, 1939: 272). Dwi (S, kw) : loro (Purwadarmino, 1939: 75). 1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib, 2. pulung nugrahaning Allah (Purwadarmino, 1939: 653). {-ni} : tandha nama estri. Dados adhedhasar kamus nama Lestari Dwi Wahyuni tegesipun putra kekalih

awujud wanita ingkang ajeg minangka wedharing Allah. Adhedhasar ingkang gadhah nama nama Lestari Dwi Wahyuni tegesipun Putra kapindho ingkang slamet minangka kawelasan saking Allah. Tegesing nama Lestari Dwi Wahyuni adhedhasar ingkang gadhah nama jumbuh kaliyan adhedhasar kamus. Dados ingkang gadhah nama mangertos tegesing nama Lestari Dwi Wahyuni.

Nama Lestari Dwi Wahyuni kalebet *unsur* ghaib, *entiti*, saha nomer. Nama menika minangka pangajab dados wanita ingkang slamet. Tembung dwi minangka tandha putra urutan lair kaping kalih. Wahyu inggih menika *unsur* ghaib ingkang dipunpitados jiwanipun dipuntuntun dhumateng sipat saha tumindak ingkang misuwur.

14) *Unsur* Ghaib + *Entiti* + Pepenget

Unsur menika wonten gayutanipun kaliyan bab ghaib, pangajab saking ingkang paring nama, saha pepenget bab tartamtu. Nama mahasiswa ingkang ngemot tembung saking *Unsur* ghaib, *entiti*, saha pepenget inggih menika nama Erika Wahyu Andriani.

a) Erika Wahyu Andriani

Erika Wahyu Andriani minangka nama tiyang estri. Nama menika wujudipun tembung *monomorfemis* inggih menika tembung erika, wahyu saha tembung *polimorfemis* inggih menika tembung andriani (andri + {-ani}) ingkang ngalami *sufiksasi*. Adhedhasar kamus tembung Erika (Ing) : pemimpin ingkang kendel (Bruce Lansky, 2009: 61). Wahyu (Ar) :1. wedharaning Allah mungguhing prakara gaib, 2. pulung nugrahaning Allah (Purwadarminto, 1939: 653). Andri (Ind) : kendel (www.nama.web.id), {-ani} : tandha estri. Dados adhedhasar kamus nama Erika Wahyu Andriani tegesipun wedharing Allah awujud wanita minangka

